# ЗЫЩ ДИ БЛЭКIАРИ, ЗЫУЭ ЩРЕТ ДИ КЪЭКIУЭНУРИ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№185-186 (21.594) • 2009 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 2, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 6-щ

**Пщэдей Мейкъуапэ къыщызэIуах Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VIII конгрессыр**

Адыгэ макъ

Номер зэхэт 77

ЧЕРКЕС ХЭКУ

Газетым и нобэрей къыдэкIыгъуэр, «Адыгэ макъ» (Мейкъуапэ), «Адыгэ псалъэ» (Налшык), «Черкес хэку» (Черкесск) газетхэм я журналистхэм зэгъусэу ягъэхьэзыра номер зэхэтыр, теухуащ жэпуэгъуэм и 2 - 4-хэм Мейкъуапэ щекIуэкIыну лъэпкъ зэхуэсышхуэм - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VIII зэхыхьэм.

КъыдэкIыгъуэ зэхэтым и напэкIуэцIхэм фыкъыщеджэ ДАХ-м, Къэбэрдей, Шэрджэс Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэм я къэпсэлъэныгъэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым я Iуэху еплъыкIэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэм, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми хэкурыс усакIуэ цIэрыIуэхэми я IэдакъэщIэкIхэм, нэгъуэщIхэми.



## Си фIэщ мэхъу

● Президентым и псалъэ

Ди хэкуэгъу лъапIэхэ!

Фи адэжь хэкум фыпэжыжьэми, абы хувиIэ пыщIэныгъэхэр зэрывмыгъэкIуэдым, лъэпкъым и хабзэ гъуэзэджэхэр фахуэсакъыу зэрыфхъумэм папщIэ фIыщIэ фхузощI.

Сэ мызэ-мытIэу хамэ къэралхэм сыщыIащ икIи адрей лъэпкъхэм, щэнхабзэхэм, динхэм я лIыкIуэхэм мамыру икIи фагурыIуэу фазэрыдэпсэур, гуфIэгъуэр зэрадэвгуэшыр, гугъуехьхэр къыщыкъуэкIым деж зыр адрейм фызэрыдэIэпыкъур телъыджэ сщыхъуащ.

А псоми къадэкIуэу ди хэкуэгъухэм куэд хащIыхь езыхэр щыпсэу къэралхэм я экономикэм, щIэныгъэм, гъуазджэм, спортым зегъэужьыным. Абыхэм ящыщ тхакIуэу, сурэтыщIу, еджагъэшхуэу, спортсмену куэд дуней псом щыцIэрыIуэщ.

КъыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейщ ди хэкуэгъухэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэу Урысей Федерацэми абы и щIыбкIи щыIэхэм запыщIэным, ядэлэжьэным республикэм и унафэщIхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIыр.

Ди хэкуэгъухэм Къэбэрдей-



Балъкъэрым яхуиIэ пыщIэныгъэхэр хъумэнымрэ абыхэм зегъэужьынымкIэ лэжьыпхъэхэм куэд къызэщIеубыдэ икIи ипэжыпIэкIэ ар ди зэхущытыкIэхэм я лъэныкъуэ псоми яхуэгъэзащ.

Къапщтэмэ, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым илъэс куэд лъандэрэ IэкIуэлъакIуэу нэгъуэщI къэралхэм къикIа, диаспорэм щыщ студентхэр ирегъаджэ, ди хэкуэгъухэм я сабийхэм Налшык къалэм узыншагъэр щрагъэфIакIуэ и лагерхэм гъэ къэс зыщагъэпсэху.

Тырку инвестор зыбжанэм, лъэпкъкIэ адыгэхэм, мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым IуэхущIапIэхэр щаухуэ. Дэ хьэрычэт Iуэху зезыхьэ псоми дадэлэжьэну дыхьэзырщ икIи республикэм фыщылэжьэну, абы и экономикэм фи мылъку хэфлъхьэну фыхуеймэ, фыкъыдогъэблагъэ - фи бизнесым зиужьын папщIэ ди деж Iэмал нэхъыфI дыдэхэр къыщыфхузэрагъэпэщынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мурадщ щэнхабзэ-гуманитар, экономикэ пыщIэныгъэу нэгъуэщI къэралхэм яхудиIэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьыным къаруууэ ирихьэлIэм хигъахъуэурэ иригъэкIуэкIыну.

Си фIэщ мэхъу ди хэкуэгъухэм лъэныкъуэ псомкIи дазэрыпыщIам шэщIауэ зэрызиужьынур икIи абы и лъэныкъуэкIэ зыкъытщIэвгъэкъуэну сыфщогугъ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

● ДАХ-м и тхьэмадэм и псалъэ

## ДЗЭМЫХЬ Къасболэт: Дызэкъуэтмэщ ди гурылъыр къыщцыдэхъулIэнур

***Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VIII конгрессыр щIидзэным и пэ къихуэу блэкIа илъэсищым къриубыдэу адыгэ Iуэхум ехьэлIауэ зэфIагъэкIахэм, къайхъулIахэмрэ дяпэкIэ я мурадхэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну “Адыгэ псалъэ” газетым и хьэщIэщым къедгъэблэгъащ ДАХ-м и тхьэмадэ Дзэмыхь Къасболэт. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжхэмрэ абыхэм зэрыпэлъэщымрэ теухуа гупсысэмкIэ къыщIэддзащ ди псалъэмакъыр.***

- ГЪЭЗЭЩIАКIУЭ гупым нэхъыщхьэу къилъытэр ДАХ-м и Уставым щиубзыхуа къалэнхэр зэфIэхыныршц, - дыщегъэгъуазэ Къасболэт. - Ахэр хуэунэтIащ хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэр зэкъуэгъэувэжыным, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэным, лъахэм къэзыгъэзэжыну хуейхэм ядэIэпыкъуным, адыгэбзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэным зэлъэпкъэгъухэр зэкъуэту телэжьэным. Абы ипкъ иткIэ, комитет зыбжанэ духуэщ, къалэнхэр пщэрылъ ящытщIри, иужьрей илъэсищым Iуэхугъуэ пыухыкIам тету дылэжьащ.

Япэ дыдэу къыхэгъэщын хуейуэ къызолъытэ, ДАХ-р жылагъуэ зэгухьэныгъэу зэрыщытым къыхэкIыу, абы и ГъэзэщIакIуэ гупыр къэрал IуэхущIапIэм ещхь зэрымыхъур. Мыбы хэт дэтхэнэри лэжьыгъэ IэнатIэ пэрытщ, ауэ я зэманри, къарури, мылъкури трагъэкIуадэ къызыхэкIа лъэпкъым и зыужьыныгъэмрэ и къэкIуэнумрэ. Гупым хэтщ адыгэ щыпсэу къэрал псоми я лIыкIуэхэр. Ахэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ зэхуэсурэ зэдолажьэ.

**- Къасболэт, ДАХ-р адыгэ лъэпкъым и зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу щыщыткIэ, абы и пщэ къыдэхуэ Iуэхугъуэхэр къызэрымыкIуэу куэд мэхъу икIи мыхьэнэшхуэ зиIэ защIэщ. Ахэр нэсу гъэзэщIа хъунымкIэ сыт хуэдэ Iэмалхэр къэвгъэсэбэпрэ? Къэрал къулыкъущIэхэр дэIэпыкъуэгъу къыфхуэхъурэ?**

- Псом япэу къыжыIапхъэщ КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ, Абхъаз Республикэхэм я Президентхэм адыгэхэм ехьэлIа IуэхукIэ куэдрэ дабгъэдыхьэн хуей зэрыхъур. Апхуэдэуи Урысей Федерацэм и Президентым мызэ-мытIэу лъэIукIэ зыхуэдгъэзауэ щытащ, ди Iуэху еплъыкIэр зэрыт тхылъи хуэттхащ. Псалъэм папщIэ, Кавказ зауэжьыр зэриухрэ илъэси 145-рэ щрикъум ирихьэлIэу Президентым Зэрызыхуагъазэ тхылъ хуэдгъэхьащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

● КъБР-м и Парламентым

## Мыхьэнэ хэха ират

**КъБР-м и Парламентым и бжьыхьэ сессием и япэ зэIущIэр дыгъуасэ екIуэкIащ.**

Абы щыхэплъащ Iуэхугъуэ 20-м нэблагъэм. Апхуэдэщ республикэм и Парламентым и комитетхэм я зэхэлъыкIэм, «2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетым теухуа Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и язынылкъуэ законодательнэ актхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым ехьэлIахэр, нэгъуэщIхэри.

Мыхьэнэ хэха ирату зэIущIэм щызэпкърахащ 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетыр япэ мазихым гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ финансхэмкIэ министр **Бышэн Азрэт** ищIа докладыр.

Зэхыхьэм зыщытепсэлъыхьа Iуэхугъуэ псори депутатхэм унафэкIэ щIагъэбыдащ.

Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар** иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым хэт **Къэжэр Альберт**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Меркулов Александр**, министрхэр, иригъэблэгъа къулыкъущIэхэр.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

## Абхъазым и Лlыхъужь



**Абхъазым и ТекIуэныгъэм и щIыхькIэ фокIадэм и 30-м Налшык щекIуэкIа пэкIум кърихьэлIахэм я гуапэ хъуащ ди къуэш лъэпкъым и хуитыныгъэм папщIэ зи псэ емыблэжа Хьэгъэжей Азэмэт а республикэм и Лlыхъужь цIэр къызэрыфIащар.**

ХЬЭГЪЭЖЕЙ Азэмэт Сэлэдин и къуэр 1970 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м Налшык къалэ къыщалъхуащ. 9-нэ курыт школыр къиуха нэужь, дзэм къулыкъу щищIащ икIи сержанту къигъэзэжащ. Абхъаз Республикэм зауэ кърахщIылIауэ щызэхихым, ар яхэувау абы кIуэну ежьа ди щIалэхэм. Зауэм и пэщIэдзэм ар АР-м и Президентым и щхьэхъумэу щытащ, иужькIэ зэхэуэ гуащIэ куэдым хэтащ. Зауэр и кIэм щынэсам Абхъазым и бэракъыр республикэм и Правительствэм и унэм щыфIэзыдзауэ щытар Хьэгъэжей Азэмэтрэ Абей Аслъэнрэщ.

Къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ Хьэгъэжейм къыхуагъэфэщауэ щытащ Леон орденыр, апхуэдэуи «За боевые заслуги» медалыр кърататщ. Азэмэт дунейм ехыжащ 2004 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м.

АР-м и Президент Бэгъэпщ Сергей иджыблагъэ къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, Хьэгъэжей Азэмэт Сэлэдин и къуэм Абхъазым и Лlыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ. Медалымрэ абы щыхьэт техъуэ тхылъымрэ вэсэмахуэ Азэмэт и адэ Сэлэдин кърагыжащ. Иджы ар и адэм и лIыхъужьыгъэм и фэеплъу зэрихьэнущ Азэмэт и къуэ Къантемыр.

**ШЫПШ Данэху.**

### «Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

*Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!*

**Гу лъывэдгъэтэну дыхуейщ 2010 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIым.**

**Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.**

**«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и п[illegible]ми.**

**Ди индексыр 51521**

# Дызэкъуэтмэщ ди гурылъыр къыщыдэхъулIэнур

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

КъищынэмыщIауэ, мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ хамэ къэрал къикIыу Урысейм къакIуэхэм папщIэ щыIэ хабзэхэр Хэкум къэзыгъэзэж ди лъэпкъэгъухэм щхьэкIэ нэхъ тIасхъэ ящIыну дыщIэлъэIуу Медведев Дмитрий зэрыхуедгъэхьам. Дауэ мыхъуми, адыгэхэм я щхьэ кърикIуамрэ ягъэва бэлыхь къомымрэ я ужькIэ игъащIэ лъандэрэ Кавказыр зи адэжь лъахэ лъэпкъым хамэм хуэдэу ухущытыныр къезэгъыркъым. Урысейм и гражданствэр къыдэхыныр нэхъ тынш щIыным (ар къыщратыр илъэси 5 дэкIа нэужьщ), ди лъэпкъэгъу къэзыгъэзэжхэм а пIалъэр нэхъ мащIэ хуащIыным теухуауи захуэдгъэзауэ щытащ къэрал унафэщIхэм.

АдэкIэ ДАХ-м зэфIиха лэжьыгъэр къэбгъэлъагъуэмэ, дэ Iуэхугъуэ зыбжанэ къыдэхъулIащ ди къуэш абхъаз лъэпкъым дэIэпыкъуным пыщIауэ. Къыхэгъэщыпхъэщ Абхъаз Республикэр щхьэхуит хъунымкIэ япэ дыдэу лъэIу тхылъ Урысей къэралыгъуэ унафэщIхэм яхуезыгъэхьар ДАХ-рауэ зэрыщытыр. Нэгъабэ, шыщхьэIум и 8-м, ДАХ-м и Iуэхузехьэхэр Лазаревскэм щызэIущIам къызэдащта тхыгъэр Урысей Федерацэм и Президентым хуедгъэхьат. А махуэм и пщэдджыжьым куржыхэр Осетие Ипщэм теуауэ зэрызэхэтхыу, дэ дызэхэтIысхьэри, абхъазхэмрэ осетинхэмрэ я Iуэхур зэрадэтIыгъыр, дазэрыдэIэпыкъунур иту зэхэтлъхьат ар. КъищынэмыщIауэ, Тыркум къикIауэ ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм а махуэм я лъахэгъухэм зыпащIэри, а къэралым щыIэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэмрэ Абхъаз, Адыгэ Хасэхэмрэ Iуэхугъуэ щхьэхуэ ирагъэкIуэкIауэ щытащ, Куржым и президентым и политикэр зэрыдамыIыгъым тегъэщIауэ. Абы къикIуащ УФ-м хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Лавров Сергей Сыхъум щыIэу Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я IуэхукIэ Урысейм иригъэкIуэкI политикэр тэмэму къазэрыгурыIуэм папщIэ фIыщIэ абыхэм зэрахуищIар.

Адыгэ зэрыс къэралхэм, республикэхэм ядэлэжьэнымкIэ ГъэзэщIакIуэ гупым и комитетым и пщэрылъыр нэсу зэригъэзащIэр наIуэ къащI апхуэдэ Iуэхугъуэ пыухыкIахэм. Ахэр нэхъ тыншу къыдэхъулIэну къыщIэкIынт нэхъапэм щыIа Парламент зэпыщIэныгъэхэмкIэ Советыр къагъэщIэрэщIэжатэмэ. Абы адыгэ депутатхэр хэту къызэгъэпэщамэ, ди жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Iуэху нэхъ дэкIынут, абы егъэщIылIауэ лэжьэнут.

**- Къасболэт, ДАХ-м и Iуэху зехьэкIэр нэхъ псынщIэ, тынш хъун щхьэкIэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэр къыфхуигъэувrэ зэманым?**

- Дызэрыт лIэщIыгъуэр къапщтэмэ, тэмэму къызолъытэ дуней псом адыгэу тетым ялъэIэс хъыбарегъащIэ зэпыщIэныгъэ гъэпсыныр. Абы къыщыгъэсэбэпын хуейщ телевиденэми, Ин-



Дзэмыхь Къасболэт

тернетми я Iэмалхэр. А Iуэхум дэ куэд щIауэ дыпылъщ, зэкIэ тхузэфIэкIар мащIэми, къыщIэдзапIэ иIэщи, Тхьэм жиIэмэ, адэкIэ кIуэтэнущ. Дигу ильщ адыгэхэр щыпсэу зэкъуэш республикэхэм щыщ спутник телевиденэ къыщызэдгъэпэщыну. Щэнхабзэм, хабзэм, бзэм ехьэлIа нэтын зэмылIэужьыгъуэхэр, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ Iэмалхэр зыхэлъ нэтынхэр, сабийхэм папщIэ нэтын щхьэхуэхэр Хэкум щыдгъэхьэзырурэ хэхэс адыгэхэм яIэрыдгъэхьэфу щытмэ, лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэмкIэ, зыужьыныгъэмкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэнут. Пэжщ, а Iуэхур зэфIэхыным зэмани мылъкушхуи текIуэдэнущ. Ауэ КъБР-м и Президентым къыддиIыгъащ а мурадыр, и кIэм нигъэсынуи дыкъигъэгугъащ.

Иорданием ис адыгэ щIалэгъуалэр зэхыхьэри «Нарт» ТВ-р къызэрагъэпэщащ. ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупыр Анкара щызэхуэсауэ ахэр къедгъэблагъэри депсэлъауэ щытащ. ЩIалэхэм я мурадыр къыджаIа нэужь, унафэ къэтщтащ теленэтын и IуэхукIэ адыгэ псоми тхузэфIэкIыр абыхэм яхуэтщIэну. Сэ къыслъысу, сыкъэкIуэжа нэужь, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал телевиденэм, ВКъТРК-м захуэзгъазэри, бзэм, щэнхабзэм теухуауэ фондым хэлъхэр, сабий нэтын зэмылIэужьыгъуэхэр «Нарт» ТВ-м хуедгъэхьауэ щытащ. Пэжщ, ари мащIэщ, телевиденэр лэжьэн щхьэкIэ мылъкум и закъуэкъым зыхущыщIэр, атIэ дэнэ щыIэ адыгэхэми ятеухуа материал щIэщыгъуэхэр зэпымыууэ гъэхьэзырын хуейщ. АбыкIэ Iуэхур нэхъ зэпэща хъунут щIыпIэ зэхуэмыдэхэм корпункт къыщызэIутхатэмэ.

**- Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я гугъу щыпщIкIэ, гулъытэншэу узыблэкI мыхъунщ «Адыгэ щIэнгъуазэр» дунейм къызэрытехьар…**

- Адыгэм и блэкIам, тхыдэм, и цIыху щэджащэхэм ятеухуа, ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр къыдэгъэкIыныр зэпымыууэ ипэ идгъэщхэм ящыщщ. АбыкIэ ДАХ-м и комитетым и унафэщIыр Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ. ЖысIэну сыхуейт ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Думэн Хьэсэн, Ажахъуэ Къанщобий, Бэрэздж Барэсбий, сэ ди къарукIэ тхылъ зэмылIэужьыгъуэ куэд мы зэманым ирихьэлIэу къызэрыдэдгъэкIар. Абы и IуэхукIэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр, уэ зэрыжыпIащи, «Адыгэ щIэнгъуазэр» дунейм къызэрытехьарщ. Къэралым и дэIэпыкъуныгъэ хэмылъу, дэнэ щIыпIэ щыпсэу адыгэ щIэныгъэлIхэр зэхыхьэри ягъэхьэзыращ ар.

ЩIэнгъуазэр япэу утыку къыщитхьар ДАХ-м и хэщIапIэрщ. Абы щыгъуэ къедгъэблэгъат тхылъым и редактор нэхъыщхьэ Къумахуэ Мухьэдин икIи хуэдгъэфэщат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэмрэ ЩIыхь тхылърэ. Апхуэдэуи ДАХ-м и дамыгъэмрэ ЩIыхь тхылърэ еттащ щIэнгъуазэр къыдэгъэкIын Iуэхур къыщаIэтам хасэшхуэм и тхьэмадэу щыта Акъбащ Бориси и унагъуэм, езыр дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Хасэм и проекту щыташ Тыркум щыпсэу адыгэхэм телевизионнэ нэтын ятехыныр, абыхэм ятеухуахэр зэрыт тхылъ къыдэгъэкIыныр. Ари хъарзынэу къыдэхъулIащ. ФIыщIэ яхуэщIыпхъэщ телевизионнэ лэжьыгъэр зэфIэзыхахэу Хьэгъундокъуэ Салисэтрэ Хьэнэ Альбертрэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Ширдий Маринэ. Абы Iэзэу итхыжащ Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я деж щилъэгъуа псори.

**- Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэрихьэ Iуэхухэм я деж увыпIэ хэха щиIэу къэплъытэ хъуну къыщIэкIынщ хамэ къэрал щыпсэу хэхэс адыгэхэр адэжь щIыналъэм къешэлIэжыныр. Абы и лъэныкъуэкIэ сыт хуэдэ хэкIыпIэхэр къигъуэтрэ ДАХ-м?**

- ДАХ-м и къалэн нэхъыщхьэу ищхьэкIэ зи гугъу тщIахэм ящыщщ адыгэр зы хъужыныр. ИкIи зэрытхузэфIэкIкIэ гулъытэ нэхъыбэ худощI ди лъэпкъэгъухэр Хэкум къэшэжыным. А Iуэхуращ ди Уставым лъэпкъ унэтIыныгъэ пажэу итыр. КъыжыIапхъэщ абыкIэ япэ игъэщыпхъэхэр убла зэрыхъуар, къэкIуэжыну хуейхэм я гъуэгур зэрызэIухар. Дэ тхузэфIэкIращи, Урысей Федерацэм и законодательствэм къыхыхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр, лъахэм къихьэм е къэкIуэжыпэм игъэхьэзырын хуей тхылъхэр псоми яIэрыдогъэхьэ. ОВИР-м делъэIури, а тхылъхэр урысыбзэм и мызакъуэу, хьэрыпыбзэкIи, тыркубзэкIи едгъэгъэхьэзыращ. Iэпхъуэшапхъуэ IуэхухэмкIэ къэрал IуэхущIапIэм дэлэжьэну цIыхуиплI зыхэт жылагъуэ комиссэ къызэдгъэпэщащ. Урысейм къихьэжхэм я тхылъхэр нэхъ тыншу икIи щIэхыу зыхуей хуэзэу, я Iуэхухэр гугъуехьыншэу зэфIэкIын папщIэ сэбэпышхуэ мэхъу а гупыр. КъищынэмыщIауэ, хэкум къэкIуэжхэм псэупIэ, IэнатIэ зэрагъэгъуэтыхукIэ къыщцыувыIэ хъун гуэр тхузэрагъэпэщыну республикэ унафэщIхэм делъэIуащи, къурикIуэну жэуапым дыпоплъэ.

**- ДАХ-м и пащхьэ къит Iуэхухэм ящыщу уигу нэхъ зыхуэмызагъэр сыт хуэдэхэра, Къасболэт?**

- Анэдэлъхубзэр шэрыуэу къызэрыдмыгъэсэбэпырщ. Ди деж, дауэ мыхъуми, адыгэбзэр школхэм щрагъэдж, газетхэмрэ журналхэмрэ къыщыдокI, лъэпкъыбзэ «зыIурылъ» радио, телевиденэ диIэщ. Ауэ, итIанэми, а Iуэху къииным дыхэкIыркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адыгэбзэр къэрал къулыкъущIапIэхэм щызекIуэркъым, «щыпсэуркъым». Нэхъ хэплъэгъуэжщ абы и IуэхукIэ хамэ къэралхэм щыщыIэ щытыкIэр. Адыгэбзэм ирипсэлъэфыр нэхъыжьхэмрэ курыт ныбжьым итхэмрэщ. ЩIэблэ къэхъум анэдэлъхубзэр зэраIэщIэкIым дэ псори дегъэгузавэ. Абы теухуауэ зэкIэ хэкIыпIэу щыIэр Адыгэ Хасэхэм адыгэбзэ зэрыщрагъэджыршщ. Пэжщ, иужьрей зэманым тIэкIу нэхъ щабэ хъуащ абы ехьэлIауэ щыIэ къэрал хабзэхэри, щхьэж и бзэ, щэнхабзэ зэрихьэжу псэунымкIэ хуитыныгъэ нэхъыбэ щыIэщ. Абы ехьэлIауэ узыщыгуфIыкIынщ хэкурыс IэщIагъэлI гуп нэгъабэ Тыркум зэрыщыIар. Абыхэм ягъэхьэзыращ школым адыгэбзэр щезыгъэджынухэр. Сирием школ щыIэщ зи еджапIэ кIуэгъуэ мыхъуахэми пэщIэдзэ классхэм щIэсхэми адыгэбзэ щрагъэджу. Ар куэдкIэ и фIыщIэщ Европэм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Уджыхъу Ихьсан. Абы и жэрдэмкIэ, и мылъкукIэ яублауэ щыташ а Iуэхур. Иорданием, дэ зэрытщIэщи, принц Хьэмзэ и цIэр зезыхьэ школым адыгэбзэ щрагъэдж. Ар хъарзынэщ, ауэ абыкIэ арэзы дыхъуу дытIысыжынкIэ Iэмал иIэкъым. Дэ сэбэп дызэрыхъуфращи, мыбдежым къыщыдэкI адыгэ тхылъхэм ящыщ яхудогъашэ. Нэхъ цIыкIу дыдэхэр зэрырагъаджэ Iэлыфбейр щIэуэ къыдагъэкIыжри, хамэ къэрал щыпсэухэм я Iыхьэр тиражым и бжыгъэм хагъэхьэну тхылъ тедзапIэм делъэIуащ. Дэ сыт и лъэныкъуэкIи дыхьэзырщ а Iуэхум теухуауэ дэIэпыкъуэгъу дыхъуну. АнэдэлъхубзэкIэ езыгъэджэн къытхуэвгъакIуэ жаIэмэ, тхуэгъэкIуэнущ, езыхэм ящыщ Хэкум щрагъэджэну къагъакIуэми, КъБКъУ-м и ректорым депсэлъащи, ари тхузэфIэкIынущ.

Абы ехьэлIауэ къыжыIапхъэщ илъэс къэс хэхэс адыгэхэм я бынхэр зыгъэпсэхуакIуэ адэжь щIыналъэм къызэрытшэри. Абыхэм Хэкур ядогъэлъагъу, я нэгу зыдогъэужь, адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ ядыдогъэлажьэ, зэрырагъаджэ программэхэр тету дискхэр ядот.

**- Лъэпкъым дежкIэ нэхъыщхьэр бзэмрэ хабзэмрэ хъума зэрыхъунырщ, ауэ экономикэ зэпыщIэныгъэхэм сыт хуэдэ мыхьэнэ ефтрэ? Абы и лъэныкъуэкIэ адэжь щIыналъэм зыкъезыпхыну гупыж зыщI яхэт хэхэс адыгэхэм?**

- Экономикэ зыужьыныгъэр дымыгъэкIуатэмэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр жыжьэ нэсынукъым. Арауэ жыпIэ хъунущ унэтIыныгъэ куэдым лъабжьэ яхуэхъужыр. Анкара дыщыкIуам, дэ дыщыIащ адыгэхэм я бизнес-клубхэм икIи дызыхуэзахэм яжетIат зыщыпсэу къэралыгъуэм и экономикэм зэрыхэлэжьыхьым ещхьу, Хэкум и экономикэ зыужьыныгъэм зыгуэркIэ хэлIыфIыхьыныр щхьэпэ зэрыхъунур, КъБР-м и Президентыр абыкIэ къазэрыдэIэпыкъунур.

Ди гуапэщ абы къурикIуауэ, иджыблагъэ Шыкъ Борэн Налшык фабрикэ къызэрыщызэIуихар. Шэч хэлъкъым Мэрем Четин Шэджэм дищIыхь заводышхуэр ди экономикэм сэбэп зэрыхуэхъунуми. Ахэр щапхъэ яхуэхъуу, КъБР-м щылэжьэну ди лъэпкъэгъу иджыри къызэрыкIуэнур хуабжьу си фIэщ мэхъу. Экономикэм лъабжьэ быдэ игъуэтмэ, лъэпкъ Iуэхухэри нэхъыфI хъунущ. ПсэукIэр нэхъыфIмэ, Хэкум къакIуэ хьэрычэтыщIэхэм я Iуэху дэкIмэ, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ нэхъ зэпэгъунэгъу дызэрыхъунур хьэкъщ.

ЗэпэIэщIэ зэрыхъурэ адыгэм и хъуэпсапIэщ лъэпкъыр зэкъуэувэжауэ илъагъуныр. АбыкIэ IэмалыфIу ди япэ итахэм къагупсысащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр. Ар илъэс 18 хъуауэ мэлажьэри, ди гум илъыр куэдщ, тхузэфIэкIыр хуэмурэ гъащIэм хэпща мэхъу. Псори зыхуэунэтIар щIалэгъуалэрати, абыхэм щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ едгъэгъуэтыныр, гъащIэм лъэ быдэкIэ хэгъэувэныр ди пщэ къыдэхуэ къалэнхэм ящыщщ. «Си Хэкум сыт къысхуищIэр?» - жиIэу упщIэр имыгъэуву, «Сыт Хэкум хуэсщIэфынур?» - жызыIэхэр куэду дызэкъуэувэмэ, итIанэщ ди гум илъ псори къыщыдэхъулIэнур, ди лъэпкъ Iуэхур щыдгъэкIуэтэфынур.

*Епсэлъар*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**



**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и I Конгрессыр Налшык щокIуэкI.**
*1991 гъэ, накъыгъэм и 19*

● Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и псалъэ

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд:

# Адыгэм папщIэ дывгъэпсэу



***Жэпуэгъуэм и 2 - 4-хэм Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ щекIуэкIынущ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VIII конгрессыр. ДАХ-м къызэщIеубыдэ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм, Америкэм, Европэм, Къухьэпlэ Гъунэгъум, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэр. Зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ 1991 гъэм и накъыгъэ мазэм. Абы щыгъуэ Налшык щекIуэкIауэ щытащ лъэпкъ Iуэхум тещIыхьа зэхуэсышхуэр.***

***Шэрджэсхэм я дунейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэр лъэпкъ Iуэхур дэгъэкIынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Абы и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ адыгэу дунейм тетыр зы щIыжыныр, ахэр я IуэхукIэ, гупсысэкIэ зэрыщIэу, зэдэгуашэу псэуныр, лъэпкъым ифI къызэрыкI Iуэхугъуэхэр къыхэлъхьэныр, ахэр къэралым къадиIыгъыныр, къару егъэгъуэтыныр. ДАХ-р егъэпIейтей лъэпкъым и дэтхэнэ цIыхуми анэдэлъхубзэр Iурылъу, ар иригъэфIакIуэурэ къэкIуэну щIэблэм хуэхъумэным, лъэпкъ тхыдэмрэ ди щэнхабзэу адрейхэм дакъыхэзыгъэщхьэхукI нэщэнэхэмрэ мыгъэкIуэдыжыным.***

***Адыгэ зэхуэсышхуэм и пэ къихуэу, абы и утыку кърагъэхьэну Iуэхугъуэхэмрэ къапэщылъ къалэнхэмрэ теухуа упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэт, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.***

**- МУХЬЭМЭД, уэ дэнэкIи укъыщацIыху адыгэ жылагъуэ лэжьакIуэшхуэу, зи псалъэмрэ Iуэхумрэ зэтехуэ хэкупсэ нэсу. ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым илъэс куэд лъандэрэ ухэтщи, уэ ущыгъуазэщ абы зыхуигъэувыж къалэнхэр зэрылъагэм, и мурадхэр зэрыиным. Сыт хуэдэ ахэр?**

- Адыгэхэм ди лъэпкъ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм иригъэкIуэкIа зэхуэс хэм ящыщу конгресси 6-м сыхэтащ сэ. Нобэ хуэдэу сощIэж Налшык абы тещIыхьа лъэпкъпсо зэхыхьэ япэу зэрыщекIуэкIар. Абы и пэкIэ ди лъэпкъэгъу лIы Iущ гупым, Хьэткъуэ Рэджаб я пашэу, (ар Сирием ис адыгэ къуажэ Мумбыдж къыщыхъуащ) Голландием щызэхуэсри, адыгэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. А адыгэ щIалэ ахъырзэманым и фIыгъэу къызолъытэ ди лъэпкъым апхуэдэ зэ хыхьэ лъагэ нобэ зэриIэр.

Куэд дыдэ хузэфIэкIауэ щымытми, ДАХ-м ищIари мащIэкъым. Псом нэхърэ нэхъыщхьэ дыдэращи, лъэпкъ тхьэгъушым дунейм адыгэу тетыр «къигъэушащ», «си лъэпкъ, си адэжь хэку» жригъэIащ. Адыгэ Хасэ къыщызэрагъэпэщащ игъащIэми апхуэдэ щыземыкIуа щIыналъэхэм, къэралхэм. Псалъэм папщIэ, Инджылызым, Франджым, Германием, Канадэм, Австралием, Австрием, Бельгием. Абыхэм лъэпкъ Iуэху зэрахуэу, адэ хэкужьым зыкъыпащIэу, я адыгэпсэмрэ адыгэгумрэ къэщIэрэщIэж хъуащ. Лъэпкъ гупсысэрэ акъыл ухуэкIэ и лъэныкъуэкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Лъэпкъ зэщIэхъееныгъэхэм я лъагапIэ лъэхъэнэм къэунэхуа зэгухьэныгъэм гъуэгуанэ кIыхь къикIуащ, щытыкIэ гугъухэми ихуащ, куэди хузэфIэкIащ. ЖыпIэ хъунущ нобэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр, ныбжьыщIэ илъэсхэм къикIауэ, лIыпIэ иувауэ. А зэманым къриубыдэу зы гъи дэкIакъым ДАХ-м лъэпкъ зыужьыныгъэм хуэгъэпса лэжьыгъэ купщIафIэ иримыгъэкIуэкIыу.

И ныбжьыр хэхъуэху, Хасэм и зэфIэкIхэми зиужьащ, зыхуигъэувыж къалэнхэми къахэхъуащ. Абыхэм уатепсэлъыхьмэ, ахэр епхащ лъэпкъ тхыдэр нэсу джыным, дэнэкIи щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм адыгэбзэр яIурылъу, ар ирагъэфIакIуэу псэуным, я унагъуэм къыщагъэсэбэпыным. Ар Iуэху тыншкъым, ауэ Iэмал зимыIэщ. НэгъуэщIу хъурэ, бзэр тIэщIэкIмэ, абы кърикIуэнур зыщ: ди лъэпкъыр хуэмурэ адрей лъэпкъхэм хэшыпсыхьыжынущ. Апхуэдэу мыхъун щхьэкIэ, къару псори япэу зэхьэлIапхъэр а Iуэхуращ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, адыгэбзэр зыщIэжу хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я бжыгъэр кIуэ пэ тми нэхъ мащIэ мэ хъу. Иорданиер къэтщтэнщи, абы щыпсэу адыгэхэм пащтыхьым дэIыгъыныгъэ къазэрыритым хуэдэу, мини 100-м щIигъу адыгэхэм ящыщу анэдэлъхубзэр зыщIэр нэхъыбэ дыдэу проценти 10 хуэдиз хъууэ аращ. Ауэ щыхъукIи, илъэс куэд лъандэрэ Амман дэтщ пащтыхьыкъуэ Хьэмзэ и цIэр зезыхьэ адыгэ школ, адыгэбзэр, лъэпкъ тхыдэр, щэнхабзэр щаджу. Ауэ жыжьэуи арэзы укъищIыркъым школым и гъэсэнхэм я адыгэбзэм, сыту жыпIэмэ анэдэлъхубзэр адыгэ унагъуэм илъкъыми. Иджы дыдэ Амман къыщызэIуахащ Адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ я центр. Iуэхур абы иригъэфIакIуэмэ, ди гуапэщ.

Адыгэбзэм пщIэшхуэ, гулъытэ хэха щигъуэтыркъым Тыркуми. Адыгэ мелуани 7-м нэс щыпсэу а къэралым адыгэбзэ зыщIэр зы мелуан хъуми аращ. ЩытыкIэр щыщIагъуэкъым Сириеми, Европэмрэ США-мри. Анэдэлъхубзэр зехьэн, егъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм щапхъэ яхуэхъуфынур Израилым ис адыгэ къуажэхэу Рихьэниерэ Кфар-Камэрэщ.

Бзэм нэмыщI, лъэпкъ тхыдэр нэсу джынми гулъытэ хуещI ДАХ-м. Лъэпкъ тхыдэр пэжу къызыхэщыж, том зыбжанэ хъу тхылъым, сурэт, теплъэгъуэ куэд зэрыт Адыгэ щIэнгъуазэ къыдэгъэкIыным йолэжь Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ. Ди мылъкур зэрымащIэм дыкъелъахъэ, армыхъумэ гупсысэщIэхэр ди куэдт. Къытхэхъуэ ахъшэр токIуадэ къыдэдгъэкI тхылъхэм, фильмхэм, бгъэхэIухэм, ДАХ-м и цIэкIэ тты саугъэтхэм, н.къ. Мылъкур нэхъыбэу щытамэ, лэжьыгъэри куэдкIэ нэхъыбэнут: тредгъэхынтэкъэ адыгэхэм ди хабзэр, тхыдэр, лIыгъэр къызыхэщ фильмыщIэхэр, апхуэдэ тхылъхэр, адыгэ щIэнгъуазэхэр дунейм къытедгъэхьэнтэкъэ?

**- Iуэхур егъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ сыт хуэдэ хэкIыпIэхэр плъагъурэ, Мухьэмэд? ДАХ-м и конгрессым и утыку сыт хуэдэ IуэхугъуэщIэхэр къиплъхьэну?**

- ДАХ-м хыхьэ адыгэ хасэшхуэхэу Къэбэрдейм, Адыгейм, Шэрджэсым, Шапсыгъым, Иорданием, Сирием, Тыркум, США-м, Германием щыIэхэм илъэс къэс хэтыпщIэу дот доллар 1000. Апхуэдэ хэлъхьэныгъэ гуэри ДАХ-м хуэзымыщIхэри хэтщ зэгухьэныгъэм. Абы и щхьэусыгъуэхэр зэхэгъэкIын хуейщ. Зым и гур зэIухарэ адрейм и мылъкур икъузкIэ, адыгэ Iуэхур кIуэтэнукъым, и пIэм иуджыхьу итын фIэкIа. Iуэхур тэмэму зэтедмыублэмэ, езы Хасэр зэбгрылъэлъыжынми хуэIуа щыIэкъым.

Сэ къытезгъэзэну си мурадщ адыгэхэм я геноцидыр къэралым къыщалъытэн папщIэ лэжьыпхъэхэм. Ар тхузэфIэкIмэ, итIанэщ хэкужьым къэзыгъэзэжынухэми, гражданствитI зиIэнухэми я гурылъхэр нэхъ гъэзэщIэгъуафIэ щыхъунур. Хабзэм къезэгъ Iэмалхэр къэдгъэсэбэпурэ, дэ ди Iуэхухэр пхыдгъэкIын хуейщ. АбыкIэ сэбэп къытхуэхъунущ иджыблагъэ Къэрал Думэм къыщыхалъхьэу япэ къеджэгъуэкIэ депутатхэм къащта Унафэр. Абы ипкъ иткIэ, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм ящыщу Iэмалыншагъэ кIэ хамэ щIыналъэхэм Iэпхъуахэм хэкум къагъэзэжыну хуитыныгъэ яIэнущ. Дэфтэрым зи цIэ къыщиIуа лъэпкъхэм яхэтщ адыгейхэр, къэбэрдейхэр, шэрджэсхэр, шапсыгъхэр.

**- Адыгэхэм я ехъулIэныгъэм хуэгъэпса IуэхугъуэфIхэр зэфIэгъэкIыным лъэпощхьэпо къыхуэхъуркъэ нэгъуэщI зэщIэхъееныгъэхэр? Абыхэм я мурадхэм, гугъэхэм ятеухуа тхыгъэ куэд дуней псор зэпызыщIэ Интернетым илъщ...**

- Пэжщ, ДАХ-м, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм я лэжьэкIэм, Iуэху зехьэкIэм щхьэкIэ мыарэзы цIыху щхьэхуэхэм, абыхэм къагъэдэIуэфахэм дрохьэлIэ. Хэкум папщIэ зэфIахын хуей лэжьыгъэм зи щхьэ закъуэ Iуэхухэр япэ изыгъэщыф, гупсысэ пхэнжхэм зэман трагъэкIуадэурэ зэхуэсым хэтхэр зыгъэщхьэрыуэ диIэщ. Абыхэм ди лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм пцIы куэд тралъхьэ, яхуэмыфащэ кърапэс, ди Iуэху зыхэмылъыххэмкIэ дагъэкъуаншэу. Абы теухуауэ жысIэнуращи, дыщыпсэу къэралым щызекIуэ хабзэхэм япкъ иткIэ, ахэр жэуапым ешэлIэн хуейщ, щысхьрабгъу хэмылъу.

Апхуэдэхэм я гугъэжщ езыхэм нэхъ хэкупсэ щымыIэу, ауэ зыр адрейм пэщIэзыгъэувэр, ныкъуэкъуэгъу хуэзыщIыр ауэ жыжьэуи хэкупсэкъым, апхуэдэуи щытыфынукъым - хэкупсэр хэкупсэу къалъху, ар лъым хэтщ, армыхъумэ зэманкIэ цIыхум игъуэт хьэл-щэну аракъым.

Я хэкум зэрыхущыт елъытауэ дунейм цIыхуу тетыр гупищу егуэш: хэкупсэхэр, националистхэр, а гупитIми щымыщхэр. Сэ къасщтэр хэкупсэращ. Апхуэдэ цIыхухэращ къызыхэкIа лъэпкъым и ехъулIэныгъэм хуэлэжьэфынур, и лъэпкъым и ныбжьэгъу, абы пщIэ къыхуэзыщI цIыху бжыгъэр игъэбагъуэу, и цIэр фIыкIэ кърыригъаIуэу. ЦIыхур апхуэдэу щыщымытым деж, согупсысри, ар къыщIигъэщIар и унагъуэ къудейр зыхуей хуигъэзэнырщ, и мылъкуи и акъыли абы и зэIузэпэщыныгъэм ирихьэлIэу. Ари фIыщ, ауэ апхуэдэу ущытыным лIыгъэшхуэ хэлъкъым, икIэм-икIэжым, дэтхэнэми ар и къалэнщ: и щIэблэр ипIыжыну, ар гъуэгу захуэ тригъэувэну. Лъэпкъ псом и Iуэху дэкIынымрэ уней Iуэхумрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Апхуэдэу щIыжысIэм щхьэусыгъуэ хэха иIэщ: дызытепсэлъыхь Дунейпсо Адыгэ Хасэм - псоми ди плъапIэм, гугъэфIхэр, мурадхэр зэтхьэлIэм - хэтыну хуитыныгъэ зиIэр хэкупсэ нэсхэращ, зи гуащIи мылъку хьэлэли лъэпкъым папщIэ щымысхьхэрщ, абы и ехъулIэныгъэ нэхъ мащIэ дыдэми щхьэкIэ къикIуэт зымыщIэхэрщ, армыхъумэ Iуэхум лъакъуэпэщIэдз хуэзыщIу, жылагъуэм хьэлэбэлыкъ къыщызыгъэхъеину хущIэкъухэракъым.

Шэрджэс усакIуэ цIэрыIуэ, хэкупсэ нэсу гъащIэр езыхьэкIа Дыгъужь Къурмэн итхыгъауэ щыташ мыпхуэдэ сатырхэр:

**Адыгэм и жьыр**
**къысщIихухукIэ,**
**Сэ мафIэ гуащIэу сыблэнщ.**
**Адыгэм папщIэ самыгъэпсэумэ,**
**Адыгэм папщIэ сылIэнщ.**

Адыгэ лъэпкъым ехьэлIа си гупсысэхэр къызэщIэзыкъуэщ Къурмэн и псалъэ Iущхэр. Упсэуху, лъэпкъым ухуэлэжьэн, абы и фIыгъуэ къызэрыкIын зы Iуэху нэхъ мыхъуми блэжьыфын хуейщ. Адыгэ нэсым, хэкупсэ зиIэм аращ и хъуэпсапIэр, и плъапIэр.

**- Упсэу, Мухьэмэд. Адыгэхэм ди зэхыхьэшхуэр махуэ тхурехъу.**

*Епсэлъар* **КЪАРДЭН Маритэщ.**

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



**Дунейм щикъухьа адыгэхэм ятеухуа зэIущIэшхуэ Черкесск къалэм щокIуэкI. Абы кърихьэлIащ Сирием, Иорданием, Тыркум, США-м къикIа хьэщIэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, КъШР-м, Москва, Саратов щыщ щIэныгъэлIхэр.** *1991 гъэ, жэпуэгъуэм и 18*

Номер зэхэт
77

# ЗэщыгугъитI мэунэхъу

*Дунейм и махуитI зэтехуэкъым, жи. Зэманри, уи натIэм итхари, уи гурыгъу-гуращэхэри - псори зэхохьэжри гугъу урагъэхь гъащIэ гъуэгур къыхэхынымкIэ, гугъэу уиIэр къыбдэхъунымкIэ, къыпщыгугъхэр зэрыхуейуэ укъыщIэкIынымкIэ... Ар - уи щхьэ закъуэ къапщтэмэ. Лъэпкъри, цIыхум ещхьщ: и гуращи, и плъапIи, и муради, гукъеуи, гуфIэгъуи иIэжщ - ауэ а псори мелуан бжыгъэкIэ гъэбэгъуауэ.*

*Абы къыхэкIкIэ лъэпкъ Iуэху зесхуэнщ жыпIэу, упэрыувэкIэ хьэрэмыгъэ лъэпкъ уи гум имылъми, уэри укъапцIэу, лъэпкъ къыпщыгугъри утыкум къибнэнкIэ шынагъуэщ.*

*Къэралым и лъэлъэжыгъуэм техуэу лъэпкъ Iуэхухэр къызэрежьар хэзымыщIыкIхэм дэкъузауэ яIыгъа гупсысэхэр гъатхэ бжьэуэ къэпщIауэ къащохъу. Аракъым. Къэралыр, цIыхур зыхуэкIуа хабзэншагъэм лъэпкъхэр игъэгужьейри, зыми зэримыIуэхур къащыгурыIуэм я щхьэ Iуэху и ужь иувэжащ. Я къуэпсхэм я къежьапIэхэмкIэ задзыжащ, илъэс мин бжыгъэ зи ныбжь тхыдэм, хабзэм лъэпкъым Iущагъэу хилъхьар я гъащIэ жыпхъэ ящIыну.*

*Ауэ псори узэрыхуейуэ хъуркъым. Жьым щытхъуи, щIэр къащтэ, жи. Иныкъуэхэми ар ящыгъупщэжри, лъэпкъым и къекIуэкIыкIам, дуней псом щыцIэрыIуэ хъуа тхыдэм дихьэхыжри, щытхъупсыр ягъажэу а зэманым къинэжащ. Ауэ хамэ лIыгъэкIэ уи кIухьэн къыпкIэлъызэрахьэнукъым, ар уи адэшхуэм и лIыгъэу щытми. Уэ уи щхьэ Iуэхуу бгъэкIуатэрщ уи пщэдейр зэрыхъунури хамэ лъэпкъхэр къызэроплъынури. Ар къы зыгурыIуахэр ипэкIэ екъуащ, псори яхузэфIэмыкIми, щхьэ закъуэ гукъеуэу лъэпкъ Iуэхум къыпэрынами.*

*Ар щIыжытIэр зыщ - лъэпкъ Iуэху зепхуэныр, махуэ къэс абы и гукъеуэми и гуфIэгъуэми укъриушу упсэуныр гугъущ. Куэдми ар яхузэфIэкIкъым. ЗыхузэфIэкIми фIыщIэрэ щытхъурэ хуэфащэщ.*

*Апхуэдэхэм ящыщщ Дунейпсо Адыгэ Хасэ зэхуэсым хуэкIуэу зызыхуэдгъэза Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм ис адыгэхэм я Хасэм и тхьэмадэ Шэрджэс Мухьэмэд.*

## Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и псалъэ


Шэрджэс Мухьэмэд

**- Мухьэмэд, совет лъэхъэнэм и кIуэдыжыгъуэм техуэу япэ дыдэ лъэпкъ Iуэхур къезыхьэжьа адыгэлIхэм уахэтащ. И къежьапIэри, гугъусыгъуу зыхэтари, нобэ зыхэтри, лъэпкъым, Хасэхэм я гуфIэгъуи я гукъеуи зэрыжаIэу, псоми ущыгъуазэщ. НобэкIэ узэплъэкIыжмэ, иджырей нэкIэ уеплъмэ, уегупсысмэ, сыт хэплъагъуэр лъэпкъ Хасэм и къекIуэкIыкIам?**

- Адрей псоми хуэдэу, СССР-м зэхъуэкIыныгъэщIэхэр къыщежьэ лъэхъэнэм, адыгэхэми я лъэпкъ зэгухьэныгъэхэр къызэрагъэпэщу щIадзат. Хэкур, лъэпкъыр фIыуэ зылъагъухэр зэхыхьэрэ зэпсалъэу, кIуэрабгъэу ящIынухэм тепсэлъыхьырт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зыужьыныгъэ IуэхухэмкIи дэ аргуэру адрейхэм дакъыкIэрыхуат. Мыгъущыжа гуауэрат, е щэху-нахуэми ди гъунэгъухэм лъэпкъ Iуэху зезыхуэн гупхэр яIа, дауэ хъуми абыхэм нэхъапэ къызэрагъэпэщащ апхуэдэ зэгухьэныгъэхэр.

Зырызу къежьа адыгэ зэщIэхъееныгъэхэр дызэкIэлъыкIуэмэ, дызэпсалъэурэ хэгъуэгу хасэхэм дыхуэкIуащ. Лъэпкъ икъухьам и хасэхэри зэбгрыдзат. Iуэхури гукъеуэри адыгэ хэгъуэгухэм зы щхьэкIэ, ахэр зезыхуэн зы гуп диIэтэкъыми, Дунейпсо Адыгэ Хасэр къэунэхуащ. Хэкурысхэр дызэрыубыдыху, таучэл тщIыху, хамэ къэралхэм щыIэ адыгэхэр нэхъ жыджэру абы хэлэжьыхьат. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, хамэщI къыщыхута адыгэхэм лъэпкъ зэщIэхъееныгъэри хасэ зэхыхьэхэри зэпымыууэ яIащ. ДАХ-р къыщызэпэщагъащIэм лъэпкъыр - хэкурысхэри хамэщI щыпсэу адыгэхэри - фIыкIэ щыгугъырт, гушхуэныгъи гуащIи къыдитт. Дыщыгугът лъэныкъуэ псомкIи Iуэхум бгъэдыхьэу, дэтхэнэмкIи гуп щхьэхуэхэмрэ лэжьыгъэ пыухыкIарэ яубзыхуу, план, программэ зэхалъхьэу абы телэжьыхьыну. Мызэ-мытIэу а Iуэхухэри къаIэтащ, тепсэлъыхьащ. СощIэж, еджагъэшхуэхэри IэнатIэшхуэ зыIыгъхэри яхэту ахэр къэзыгъэщIыну гупхэр зэрагъэпэщат. КъатIэщIт зэлэжьын хуейхэр, зэращIыну кIуэрабгъухэр яубзыхурт. ХамэщI щыIэ адыгэхэми драгугъапIэт, адэжь щIыналъэ теувэжыну щIэхъуэпсхэри гъэ къэс нэхъыбэ хъурт. ЖысIэфынукъым зы зэхуэс лъахъшэу, пщIэ имыIэу екIуэкIауэ, ауэ, псом хуэмыдэу, япэрей зэхуэсхэм ди хэкуми хамэ къэралхэми (адыгэ щыпсэухэм) пщIэ егъэлея щыхуащIт.

**- ГурыIуэгъуэщ. Ауэ фызыхуэпабгъэу мурад, гуращэ фщIахэр къывэхъулIауэ пIэрэ? Псори фызэрыхуейуэ мыхъуами, нобэкIэ абы зыгуэрхэр къыхэвгъэщхьэхукIауэ къыщIэкIынщ?**

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, мы пIалъэ дэкIам нэрылъагъу къытхуищIащ ди гуращэхэр гугъэ къудейуэ къызэрынэжар. Нобэр къыздэсым адыгэхэм диIэкъым гъэнэхуа программэ жыхуаIэр. ЯпэкIэ укIуэну лъэбакъуэ пчын щхьэкIэ, уздэкIуэмрэ ущIэкIуэмрэ егупсысыпхъэщ. ИтIанэ ухуэлэжьэн хуейщ ар цIыхубэм яхэплъхьэн, ягурыбгъэIуэн папщIэ. ЗэрыбгъэзэщIэнури нобэ блэжьыфыну Iуэхугъуэхэрщ - бзэр, хабзэр, щэнхабзэр мыгъэкIуэдын, ди щIэблэр гъуэгу захуэ тегъэувэн, ар хъумэн.

**- Нобэ адыгэ Iуэху жыпIэми, дин Iуэхум ухэплъэми, нэхъыбэу хэтри зезыхуэри щIалэгъуалэращ. Къапщтэмэ, диным нэхъ пыщIа хъур зи лъэпкъ хабзэ зызмыужьаращ. Адыгэ лъэпкъым ар щхьэусыгъуэ тщIыфынукъым, ди щIэблэр диным хуокIуэж, жэуэ. Динымрэ лъэпкъ Iуэхумрэ тэрэзу зепхьэмэ, зэран зэхуэхъуркъым. Нобэ къефхьэжьэ Iуэхугъуэхэм диным пыщIа щIалэгъуалэр къыхыхьэрэ, е щхьэхуэу я Iуэху зэрахуэрэ?**

- Нэхъыщхьэр - ди щIалэгъуалэр мы гъащIэм хуэфащэу икIи хуэхьэзыру къэдгъэхъунырщ, фадэм, афияным щытхъумэнырщ, дин къабзэ яIыгърэ Iэщэ къамыщтэу хабзэм тету псэунырщ. ИджыпстукIэ щIалэгъуалэр къуажэхэм щызэроубыд, щызэхохьэ. Абыхэм яхэтщ диным дихьэхи диным зезымытыщэхэри. Ауэ псори адыгэщи, лъэпкъ Iуэхущ нобэ зэрахуэр - зэгурыIуэ-зэдэIуэжу псэуну дыхуейщ. Пэжщ, пасэм адыгэхэм дин яIыгъари нэгъуэщIщ, икIи иджы хуэдэу дин IуэхущIафэхэм пылъу щытакъым. Ауэ илъэс 200-300 хъуауэ яIыгъыр муслъымэн динщи, ди лIахэри зэрыщIэтлъхьэр абы и хабзэращи, дэ дыхуейщ муслъымэныгъэм ит псори зэгурыIуэу, щызэтемыхуэмкIэ зэмыдауэу щытыну. Ди гугъэщ диным теухуауэ зэхуэс щхьэхуэ тщIыну, нэхъыжьхэри щIалэгъуалэри зэхэту дызэпсэлъэну.

**- ЩIэблэм и Iуэхур щхьэхуэщ. Уегупсысмэ, сыт хуэдэ лъэпкъри цIыхури щIэпсэур и щIэблэращ. Нэхъыщхьэу лъэпкъ Iуэхум и мыхьэнэри абы и къуэпсхэм зегъэужьынырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ сытым нэхъ фыхуэунэтIа?**

- Къэралыр пылъкъым ди щIэблэм и къэкIуэнум, абыхэм къапэщылъым. Дэ абы дрогузавэ, икIи зэрылъэпкъыу дызэгъусэу ахэр Iейм щытхъумэн хуейщ дызэдэIэпыкъуу - еджапIэхэри, егъэджакIуэхэри, адэ-анэхэри, хасэри, нэхъыжьхэри. Зыри лъэныкъуэкIэ дыщыт хъунукъым. ДиIэри мащIэщ ди гуащIэри инкъым, ауэ тхуэлэжьынур дывгъэбелджылыи, лэжьапIэ абыхэм едвгъэт. Зыри дымыгъуэтыжмэ, губгъуэхэр зыщIыпIи кIуакъым, щIыгум девгъэлэжь, Iэщ дывгъэгъэхъу. Гугъу ар? Шэч хэлъкъым. Ауэ, гугъу дехьми, ди щIэблэр зэлэжьын Iуэху етту а Iейхэм щытхъумэмэ, къедгъэлмэ, нэхъыфIщ.

**- Дауи, ахэр нобэрей гукъеуэкъым. Сыт зэфIэха абы и IуэхукIэ? Сыт иджыри къыпэщылъ хасэм? НобэкIэ къапщтэмэ, фи гугъэхэмкIэ зыкъыфщIагъакъуэрэ, гукъеуэ фиIэхэм сыт и щхьэусыгъуэ?**

- Ахэрат зэлэжьын хуейр ДАХ-р, ауэ ... илъэс 20 хъуауэ зыуэ зыдвгъэтхыж, ди зэкIэрычам дегъэмащIэ, ди мэщIэныгъэм ди лъэр щIеуд, ураудамэ утегушхуэгъуафIэщ, жыдоIэ, итIани зы Iуэхугъуэ длэжьакъым, псалъэмакъ мыхъумэ, ари щIэтлъэфурэ допсалъэ. Зы тхэкIэм, литературэбзэм дытевгъэхьэ жыдори, абыи зыри къикIкъым. Ди лъэпкъыцIэр дахэу къыздыхэщ тхыдэм нэгъуэщIхэм къыхадзри езыхэр хоувэ, ди еджагъэшхуэхэми, ди унафэщIхэми зыри жаIэркъым. ГъэщIэгъуэныр аракъэ, а зэрызаущэхуми лъэпкъым ифI хэлъу жаIэ. Уеплъмэ, сабэр драпхъей, уакIэлъыплъмэ, и кIэм намыгъэсу щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ щIалъэфыж. Шэч хэлъкъым, ДАХ-р ди япэ иту, ди гъуэгугъэлъагъуэу, дызэлэжьынумрэ дызэрылэжьэнумкIэ ди ущиякIуэ-унэтIакIуэут дызэрыщыгугъыр, зэрыщытын хуейри арат. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэкIэ ар абы дэтлъагъуркъым. Абы щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр иIэу къыщIэкIынщ. А гъуэгум ДАХ-р тезышахэми я еплъыкIэр ягъэзахуэ. Ауэ, дауэ щытми, ДАХ-м и лэжьыгъэр нобэрей адыгэм къытпэщылъхэм пэжыжьэщ, е а Iуэхухэм зэрыбгъэдыхьэр кIыхьлIыхь зыщIхэщи, дэ ди пщэм жэуаплыныгъэ къыдохуэ ДАХ-р зыхэмыхьэхэр зэфIэтхыну.

**- АтIэ, адыгэм и Iуэхур хьэлъэщи сыт хуэдэ Iуэхуми и залэ маещ, жытIэу дыщысыну, хьэмэрэ мис мыр хэкIыпIэщ жэуэ дяпэкIэ иIэ?**

- Дэтхэнэ хасэри ДАХ-мкIэ еплъэкIыу щысын хуейкъым, щхьэ ар блэжьрэ е умылэжьрэ жэуи абы (ДАХ-м) жиIэркъым. Длэжьынум дэращ хуитыжри, ДАХ-р, дэ, хасэхэм, дымылэжьымкIэ щIэдгъэкъуэншэн щыIэкъым. Пэжщ, ДАХ-м и пщэрылът Урысей къэралыгъуэм и хабзэкъэгъэщI, зыгъэзащIэ унафэщIхэм, Президентым и Администрацэм дэлажьэкIэрэ адыгэхэм папщIэ Iуэху ищIэну. Ауэ ар абы пымылъынумэ, е памыгъэлъынумэ, дэ къызэдгъэпэщын хуейщ Урысейм ис адыгэхэм я хасэ, хэкурыс адыгэхэм я Iуэхур, я гукъеуэр абыхэм я пащхьэ изылъхьэфын, абыхэм ядэлажьэкIэрэ ди лъэпкъ Iуэхур и пIэ изышу ипэкIэ зыгъэкIуэтэн. ДАХ-м пэмыуву, ядэмэ, абыи хэту, ауэ ди хэкур зыхыхьэ къэралыгъуэм дыдэлажьэу, абы щызекIуэ хабзэхэр къэдгъэсэбэпу ди лъэпкъым дыхуэлэжьэн, а хабзэхэр зэрытлъэкIкIэ адыгэм и фейдэм хуэдунэтIын хуейщ. Зыгуэрхэри хабзэу щымыIэмэ, ар къедгъэщтэфу, абыкIэ хабзэкъэгъэщIхэм дадэлажьэу. КъыгурыдгъэIуэн хуейщ ди адыгэ лъэпкъым и Iуэхур фIымэ, и лъэ быдэу увмэ, Урысейм и лъабжьэри зэрылъэщынур, ар абыкIэ сэбэп зэрыхъунур.

Щапхъэхэр гъунэжщ: адыгэхэр Урысейр зэфIэувэным, лъэщ хъуным псэемыблэжу хуэлэжьащ, адыгэхэр нобэ щыпсэу къэралыгъуэхэми я нобэрей гъащIэми, а къэралыгъуэхэр щаухуэми, зэхъуэкIыныгъэми ахэр хэтащ, сыт щыгъуи фIым и телъхьэу, пэжыр я Iэдэжу , гъуэгу нэхум захуэу хуэлэжьащ. Ноби дзыхьрэ пщIэшхуэрэ ахэр щыпсэу къэралхэми къыщыхуащI. Диным абы хуэдизу зэрыхэдмыкъуащэмкIи Урысейм адыгэхэр хуэхъунут муслъымэн динымрэ чыристанымрэ щызэпэщIэт Кавказым и деж тегъэщIапIэ, щIэгъэкъуэн лъэщ. Ди хабзэм зэи идэу щытакъым дин зэхэгъэжыр, дин зауэ-банэр.

**- Ди нобэрей зэпсэлъэныгъэр къызэщIэткъуэжмэ, Шэрджэс Адыгэ Хасэм мис мыр дяпэкIэ и унэтIыпIэщ, и гугъэщ жэуэ сыт къытжепIэнур, Мухьэмэд?**

- Ди Хасэм и хэтыпщIэр ДАХ-м хелъхьэ и чэзум, икIи дяпэкIэ хилъхьэнущ. Ауэ ДАХ-м и лэжьыгъэр иримыгъэфIакIуэмэ, дяпэкIи а зэрылажьэм хуэдэмэ, дэ абы дыщымыгугъыу ди Iуэху зетхьэжынущ. Щыдгъэтынукъым дэтхэнэ хаси дыдэлэжьэн, псом хуэмыдэу Тэрчыщхьэ, Псыжь тафэ, Хы фIыцIэ Iуфэ щыIэ хасэхэм. Ди лэжьыгъэм зедгъэубгъукIэрэ, хасэхэм ди зэпыщIэныгъэхэр едгъэфIэкIуэну дыхуейщ хамэ къэралхэм щызэхэт хасэхэми.

***АДЫГЭХЭМ** ди къэралыгъуэ щыдимыIэкIэ, лъэпкъым и Iуэхури, абы щыщ дэтхэнэ зым и Iуэхури зэрихуэн, хуэгумэщIэн хуейуэ къыхудохуэ Хасэм. А Хасэр зэрызэхэтри, и гуащIэ къызыбгъэдэкIри, зыщыгугъри дэращ - уэ, сэ, ди гъунэгъум. Уи щхьэ Iуэху, уи лъэпкъ и Iуэху уэ зумыхуэжмэ, зыми пхуззэрихуэнукъым. Адыгэгу уи бгъэм къыщеуэрэ адыгэлъ уи IэпкълъэпкъымщызекIуэм уи лъэпкъ зэрыхомыгъэкIуэдэжыным упылъын хуейщ. Ар къызэригъэпэщу, абы хуэлажьэу щыIэр хасэщи, абы екIуалIэ, уи къуажэ хасэ щызэхэмытмэ - зэхэшэ. ЩыIэр мылажьэмэ - лажьэу щIыж, жыджэру хэлэжьыхь. Сыадыгэщ жызыIэ дэтхэнэми и пщэрылъщ дяпэ итахэм нобэ ди деж къахьэса ди бзэр, ди хабзэр, ди хэкур къэкIуэну щIэблэм хэщIыныгъэншэу иритыжыну. Тхьэми фIыр зритыр ар зезыхьэфырщ, зыхъумэфырщ.*

*Адыгэхэм фIыуэ ящIамрэ абы хужаIамрэ хуэфэщэн щIэблэ Тхьэм дищI!*

**БЕМЫРЗЭ Зураб.**


Адыгэхэр зекIуэ ежьащ.
*Сурэтыр XVIII лIэщIыгъуэм ящIащ.*

Адыгэ телевидением ижурналистэу ТIэшъу Светлан зыIукIагъэ хэхэс адыгэхэм афэгъэхьыгъэ гукъэкIыжьхэр

# Иорданием. Германием. Австрием

АДЫГЭМ ИДУНАЙ

Журналистикэр сэнэхьат гъэшIэгъон. Угу зыIэпещэ, уигупшысэ епсыхьэ, уизэхашIэ къыхегъахъо. Непэ зы еплъыкIэ уиIагъэмэ, неущ ар зэблиуигъэхъун елъэкIы. ЗэкIэмэ анахь лъапIэу мы сэнэхьатым къыуитырэр — цIыф пчъагъэм нэIуасэ уафешIы, уаIуегъакIэ, нэужым ахэм ащыщхэр ныбджэгъушIу къыпфэхъух.

Журналистэу сызэрэлажьэрэм ишIуагъэкIэ IэкIыб хэгъэгухэм Iоф ащысшIэнэу сыкIон слъэкIыгъ.

Журналистэу сызэрэлажьэрэм ишIуагъэкIэ дунаим щыпсэурэ адыгэ цIыфхэу, сшыпхъукIэ, сшыкIэ слъытэ—хэрэм саIукIэн слъэкIыгъ.

Журналистэу сызэрэлажьэрэм ишIуагъэкIэ непэ мы сатырхэр «Адыгэ макъэм» еджэхэрэм апае къэстхын амал сиI...

## Хьэшимитхэм адеж


Хъурмэ Хьасанрэ ТIэшъу Светланрэ

2007-рэ илъэс. Апэрэу IэкIыб хэгъэгум сэкIогъагъ. СыздакIогъагъэр Хьэшимит пачъыхьэм икъэралыгъоу Иорданиер ары. СиIоф зэпыфэщта? Къэбар гъэшIэгъонхэр къэсыугъоинхэ слъэкIыщта? Тезыгъэблэгъагъэ тилъэпкъэгъухэм ящыIакIэ сыд фэда? Гъогум сытетыфэ упчIабэ шъхьэкIуцIым щызэблэкIыгъ. Тхьамафэу Иорданием ащыгъум къыщызгъэкIогъагъэм зэкIэ сызгъэгумэкIырэ упчIэхэм яджэуап щызгъотыгъагъ.

Кавказ заом ыпкъ къикIэу зихэку зыбгынэгъэ адыгэхэм ащыщхэр IэкIыб хэгъэгоу Иорданием ифэгъагъэх. РИМ зэманым къелыжьыгъэ цIыфзэIукIэпIэ утыгум фэшъхьаф зэрымтыгъэ пшэхъо чIыналъэм егъэзыгъэкIэ зышъхьэ езыхьыжьэжьыгъэ адыгэхэр къыщыуцугъагъэх. Зигугъу къэсышIырэ пчэгур пэсэрэ театральнэ къэгъэлъэгъуапIэу «КОЛИЗЕЙ» зыфаIорэм фэд. Непэ къызнэсыгъэми Иорданием икъэлэ шъхьаIэу Амман а ижъырэ псэуалъэр дэт.

«Олъэгъуа тетIысхьапIэхэм ашъхьагъкIэ рыкIорэ дэпкъым гъучIыпчъэу иIэхэр? Джа мыжъосыным хэутыгъэ унэмэ апэ дэдэ мыщ къыщыуцугъагъэхэ адыгэхэр арысыщтыгъэх» - Иорданием тилъэпкъэгъухэр къызэрэкIогъагъэхэм якъэбар къысфэзыIотагъэр Амман щыпсэурэ Хъурмэ Хьасан.

Хьасанэ Адыгеим дэгъоу щашIэ. Илъэс 15 хъугъэу ар тиреспубликэ гъэ къэс къэкIо. СатыушIыным пылъ, унэе хъызмэтзехьапIэхэр чIыгужъым щигъэпсыгъэх. Адыгэ лъэпкъым фэгумэкIрэ цIыф.

«Амман адыгэхэм агъэпсыгъ. Мы къалэм зыпари дэсыгъэп ахэр мыщ дэжьым къызщэуцухэм. Тятэжъхэм мы чIыпIэр къызкIыхахыгъагъэм ушъхьагъу гъэнэфагъэхэр иIэх. Апэрэр - пэсэрэ мыжъо псэуалъэр унэкIэ агъэфедэн алъэкIыгъ, ятIонэрэр - Колизеим пэблагъэу псыхъо речъэкIыщтыгъэ, ящэнэрэр - нэмыкI цIыф лъэпкъ зыдэс псэупIэ къыщыуцунхэу фэягъэхэп.» - Хъурмэ Хьасанэ а мафэм Амман тигъэлъэгъугъагъ ыкIи къэбар гъэшIэгъоныбэ къытфиIотэгъагъ. ЗекIоныр зыщытыублэгъэ пэсэрэ мыжъосыным пэблагъэу кIэсэнкIэ Iэтыгъэ унищ Iут. Ахэр адыгэхэм апэрэ унэу Амман дагъэуцогъагъэхэр ары. Аныбжь илъэсишъэрэ тIокIитIурэ фэдиз мэхъу. «Рамыутыжьхэу джырэ нэс къызэрагъэнагъэхэр гъэшIэгъоны» - сеупчIы Хъурмэ Хьасанэ. «Адыгэхэм лъытэнытъэу къэралыгъом ипачъыхьэхэм афашIырэм ар ихьатыр» - джэуапэу къытетыжьы.

Нахь тылъыкIуатэ къэс тилъэпкъэгъухэр мы къэралыгъом зэрэщалъытэхэрэр къызгурэIо. ЗэкIэмкIи Иорданием адыгэу нэбгырэ минишъэрэ шъэныкъорэ фэдиз щэпсэу. Къэралыгъо гъэпсыным чанэу сидыгъокIи хэлажьэрэ тилъэпкъэгъухэм хэгъэгум иIэшъхьэтетхэм осэ ин къафашIы, пачъыхьэ унагъом ынаIэ къатрегъэты. Сыд фэдэ гумэкIыгъо яIэми, ащ идэгъэзыжьынкIэ IэпыIэгъу къафэхъу, лъэпкъ зэхашIэр арагъэухъумэ.

Амман шIушIэ Адыгэ Хасэу дэтыр ыкIи ащ икъутэмэ 12-у адыгэ къуаджэхэм къащызэIуахыгъэхэр унэ зэтегъэпсыхьагъэхэм ащэлажьэх. НыбжьыкIэхэм лъэпкъ культурэм, спортым зызщыфагъэсэрэ клуб хэхыгъэ яI. Къалэу Амман принцэу Хьамзэ ыцIэ зыхьырэ черкес еджапIэ дэт. Тилъэпкъэгъухэр къэралыгъо парламентми, правительсвэми ахэтых, Иорданием исоциальнэ-экономическэ, икультурэ хэхъоныгъэ яIахь ин халъхьэ. Цыхьэу къафашIырэм елъытыгъэу, пачъыхьэ унагъом анахь ыгъэлъапIэрэ чIыпIэхэм афигъазэхэрэр адыгэхэр ары.

Иорданием ипринцэу Алий-бин-Аль-Хъусейн адыгэ шыу куп игъусэу адыгэ шъуашэхэр ащыгъхэу адыгэ хэкум къызэрэкIогъагъэм изакъоми мы къэралыгъом тилъэпкъэгъухэр ашъхьэ Iэтыгъэу зэрэщыпсэухэрэр къыбгурэIо.

«Мары мы фабрикэр зыгъэIорышIэрэр адыгэ. МыдкIэ щыт тучан инми ипащэ адыгэ. Мы бэдзэрыр зытет чIыгур зыер адыгэ унагъу» - Хъурмэ Хьасанэ Амман тегъэлъэгъуфэ тилъэпкъэгъоу ащ щыпсэухэрэр лъэпкъ лъэшэу зэрэщытхэр гуапэ сщыхъугъэ зэфэхьысыжь пытэу сшIыгъагъэ.


Уджыхъу Ихьсан - Европэм и Черкес Хасэхэм я Федерацие итхьэмат.

## ШIушIагъэр зыягъэр

СЫДЫМ къерэкI фаеми, къызщыхъугъэ хэгъэгум адыгэр икощыкIын фаеу мэхъу. Кавказ заом ыпкъ къикIэу тилъэпкъ ипроцент 90-рэр ичIыгужъ егъэзыгъэкIэ ыбгыни, хымэ хэгъэгу кIуагъэ. Ахэм къатекIыгъэ лъэужхэм ащыщхэр къызщыхъугъэхэ Тыркуем, Шам хэгъэгум, Иорданием, Израиль икощыкIыгъэх. ЛэжьэпIэ чIыпIэхэм алъыхъухэу, нахь щыIэкIэшIум щыгугъухэу тилъэпкъэгъухэр тыгъэкъокIыпIэ къэралыгъохэм арыкIыхи, тыгъэкъохьапIэм щыIэ хэгъэгухэм арыхьагъэх. Ахэм ащыщ Германиер.

Мы къэралыгъом ис адыгэхэм ащыщэу сэ апэ нэIуасэ сызфэхъугъэр Уджыхъу Ихьсан. Адыгэ телевидением Iоф щысшIэнэу езгъэжьэгъакIэу, 1994-рэ илъэсхэм адэжь, Адыгэ къэралыгъо университетым илъэпкъ факультет фэгъэхьыгъэ репортаж згъэхьазырыгъагъэ. Урыс студентхэу адыгабзэр, адыгэ литературэр зэзыгъашIэхэрэм, Германием щыщ тилъэпкъэгъу ахъщэ тын зэрафигъэшъошагъэм икъэбар ар фэгъэхьыгъагъ. ШIушIагъэр зыягъэр къалэу Бремен щыпсэурэ врачэу Уджыхъу Ихьсан. Нэужми ащ ишIуагъэ мызэу-мытIоу Адыгэ Республикэм къыригъэкIыгъ. Зыщыпсэурэ хэгъэгуми лъэпкъ Iонэрылъэгъу къысфэхъугъ.

(КIэухыр 6-нэ нап.).


Амман

Адыгэ телевидением ижурналистэу ТIэшъу Светлан зыIукIагъэ хэхэс адыгэхэм афэгъэхьыгъэ гукъэкIыжьхэр

# Иорданием. Германием. Австрием

АДЫГЭМ ИДУНАЙ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 5-нэ нап.).

СИНАСЫП къыхьи 2007-рэ илъэсым Германием щыпсэурэ адыгэхэм адэжь себлэгъагъ. СызIукIи гущыIэгъу сызфэхъугъэхэм Уджыхъу Ихьсан ахэтыгъ. Европэм щыпсэурэ адыгэхэм я Федерацие ар итхьамат. Тилъэпкъэгъухэм языкIыныгъэ ынаIэ лъэшэу тырегъэты. «Германием адыгэхэм IофшIэпIэ чIыпIэ дэгъухэри, зэрысыщтхэ унэ зэтегъэпсыхьагъэхэри щагъотыгъэх. Къэралыгъом щырэхьатыгъэх пIоми хъущт. Ау щыIэкIэ-псэукIэшIум ыуж титзэ, лъэпкъымкIэ анахь мэхьанэ зиIэр тэкIу зыIэкIэдгъэкIыгъ. Бзэр, культурэр, хабзэр мыщ къыщытыухъумэнхэр къин дэдэ хъугъэ. ТиныбжьыкIэхэм лъэшэу тагъэгумэкIы», - Уджыхъу Ихьсан игукIае зэхэсшIагъ Германием щыпсэурэ адыгэ ныбжьыкIэхэм гущыIэгъу сызафэхъум. Илъэс 30-м нахь макIэ зыныбжьыхэм зы адыгэ гущыIэ ашIэрэп, япIорэри агурыIорэп. Сыдэущтэу нэмыкIэуи хъуна, зэкIэмкIи мы къэралыгъом адыгэ нэбгырэ мининибл исми ары. Ахэри зэбгырытэкъугъэх, анахь макIэмэ къэлипшI фэдизмэ адэсых. Зэпэчыжьэх, нэмыкI лъэпкъхэр къябэкIых.

Уджыхъу Ихьсан адыгэ лъэпкъыр къэухъумэгъэным зэрэфэлъэкIэу пылъ. Анахьыбэу тилъэпкъэгъухэр зыщыпсэурэ нэмыц къалэхэм Адыгэ Хасэхэр ащызэхэщэгъэнхэм, ахэм Iоф зыщашIэщт унэхэр зэтегъэпсыхьэгъэнхэм, ныбжьыкIэхэр лъэпкъ культурэм фэщэгъэнхэм ынаIэ ытырегъэты. Аужырэ лъэхъанэм Германием щызэрахьэрэ политикэми ащкIэ ишIуагъэ къакIо. Евросоюзым хэхьэрэ къэралыгъохэр лъэпкъ зэхашIэр аухъумэным ыуж ихьагъэх. Ар зы IофыгъошIу. ЯтIонэрэр Европейскэ Парламентым адыгэ кIалэ хэт. ЫцIэр Джэм Оздемир. ИлIакъокIэ УнашIэмэ ащыщ.


Джэм Оздемиррэ ишъхьагъусэрэ

Джем Оздемир илъэс 45-рэ ыныбжь. Германием къыщыхъугъ. Политическэ Iофыгъохэм чанэу ахэлажьэ. 1994-рэ илъэсым Германием ихэбзэкъулыкъу хэхьагъ, 2004-рэ илъэсым Европэм и Парламент идепутат хъугъэ. Гъэ къэс лъэпкъ цIыкIухэм якультурэ имафэхэр Европарламентым зэхещэх. Джащ фэдэу Джем Оздемир кIэщакIо фэхъуи, адыгэхэм я Мафэ къалэу Вупперталь щызэхищэгъагъ. Германием щыпсэурэ адыгэхэм ямызакъоу гъунэгъу къэралыгъохэу Францием, Бельгием, Швейцарием ялIыкIохэри а зэхахьэм къыщызэIукIэгъагъэх.

Депутатэу Джем Оздемир дэсшIыгъэ зэдэгущыIэгъум къызэрэщыхигъэщыгъэмкIэ, зэрэадыгэм лъэшэу рэгушхо. «Тилъэпкъ дахэ, хабзэу хэлъыр дунаим щагъэшIагъо. Ар чIэтынэ хъущтэп. Сэ Адыгеим сиунагъо сигъусэу сыкъэкIогъагъ. Сипшъашъэ адыгэ шъуашэ ащ къыщфязгъэдыгъагъ. Саер щыгъэу Адыгэ зэфэсхэм тахэлажьэу къыхэкIы», - къысиIогъагъ ащ.


Австрием и Адыгэ Хасэ изэIукI

«ТикIалэхэмэ адыгэ нысэхэр къащэнхэу ятэIо зэпыт, ау тэ тыфае закъокIэ икъурэп. Ежьхэми яшIоигъоныгъэ мэхьанэ иI. ТикIэлэ нахьыжъ Австрием щыщ пшъашъэ шъхьагъусэу къыхихыгъ. КъыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэм адыгагъэр зэрэчIанэрэм лъэшэу тегъэгумэкIы», - Исмет игукIае ымыушъэфэу къыIотагъ.

Туркуем щыпсэуфэхэ, непэ Австрием ис адыгэхэр адыгэ къуаджэхэм адэсыгъэх. Нахь зэпэблэгъагъэх, нахь зэхахьэщтыгъэх, зэдэгущыIэщтыгъэх. Едыдж Исмет къызщэхъугъэ къуаджэм ныбжьыкIэу къыдэкIыгъ. Ау джырэ нэс ащ щигъэкIогъэ уахътэр ыгу къэкIыжьы. Дэгъу дэдэу мыгущыIэми, къуаджэм дэсыфэ зэригъэшIэгъэ адыгабзэр къыухъумагъ. ДжырэкIэ зыщыпсэурэ къуаджэм ежь иунагъо нэмыкI адыгэ дэсэп. ГурыIогъуаеп икIалэхэм адыгабзэ зыкIамышIэрэр.

Исмет Австрием къызэкIом янэрэ ятэрэ игъусагъэу. Ежьым джыри шъхьэгъусэ иIагъэп. Нэужым къыщэщтым Тыркуем кIэлъыкIожьыгъ ыкIи адыгэ унагъо щапIугъэ пшъашъэр шъхьэгъусэу къыхихыгъ. Ар Чэмыемэ япхъоу Алия. Исмет фэдэу ащи лъэпкъыбзэр, культурэр, хабзэр дэгъоу ешIэх. Едыджхэм яунагъо кIэщакIо фэхъуи, Австрием Адыгэ Хасэ щызэхащагъ. Тхьамафэм зэ зэлъэпкъэгъухэр зэрэугъоих, зэдэгущыIэх, адыгэ джэгухэр зэхащэх.

Австрием сыщыIэзэ язэIукIэмэ ащыщ сэри сыхэлэжьагъ. Унэгъо псаухэр зэгъусэхэу Хасэм къекIолIэгъагъэх. Нахьыбэм Адыгэ хэкум къикIыгъэхэр апэрэу алъэгъугъэх. АшIогъэшIэгъонэу бэмэ къакIэупчIагъэх. Сэ интервью аIысхынэу игъо симыфэзэ, ежьхэм яупчIэхэр къысфагъэзагъэх. Кавказыр зэрэгъэпсыгъэм, цIыф лъэпкъэу ащ исхэр зыфэдэхэм, адыгэхэр зыщыпсэурэ республикэхэм зэрэгъэпсыгъэхэм ахэр афэгъэхьыгъагъэх. Тилъэпкъэгъухэр лъэныкъо зэфэшъхьафхэм агъэгумэкIыщтыгъэх. ТизэдэгущыIэгъу нахь лъыкIуатэ къэс зэфэхьысыжь гъэнэфагъэхэр сшIыгъэх. Сыд фэдиз щыIкIэшIу агъотыгъэми, хэхэс адыгэхэм агухэр хэкужъымкIэ къэгъэзагъэх. Зэрыс къэралыгъохэр яхэгъэгоу егъашIэми алъытагъэп. «Кавказым тыщыщ» - джары зэкIэми аIорэр. Лъэпкъым ипроцентитфэу зэо ужым Черкесием къинэгъагъэхэм лъэшэу афэразэх. «Шъо шъуитэтэжъэу чIыгужъым къинэгъагъэхэм яшIуагъэкIэ непэ адыгэхэм хэку тиI. Тэ ащ тырэпагэ», - мыщ фэдэ гупшысэхэм сэри сагъэгушхуагъ.

ЗэкIэмкIи Австрием непэ адыгэ нэбгырэ минищ щэпсэу. Ахэр экономическэ зыпкъитыныгъэм лъыхъухэу Тыркуем къикIыхи, Европэм къэкIуагъэх. ХэгъэгукIэм илъ хабзэри, щыпсэухэрэм абзи зэрагъэшIагъэх, щеджагъэх, IофшIапIэхэр, унэхэри щагъотыгъэх. Ау щыгупсэфыпагъэх пIонэу щытэп. Пенсием кIохэмэ кощыжьынхэр теубытагъэ зыхэлъ мурадэу зыдаIыгъ. АмышIагорэр зызыдагъэзэщт лъэныкъор ары. Е ежьхэр къызэрыкIыгъэхэ Тыркуем, е ятэтэжъхэр къызэрыкIыгъэхэ Адыгэ хэкум агъэзэжьынэу егупшысэх.

ТIЭШЪУ Светлан,
*Адыгэ Республикэм шIыхь зиIэ ижурналист.*

## Гупчэ Европэм и къэрал дахэ

АВСТРИЕР гупчэ Европэм ианахь къэралыгъо дахэу алъытэ. ЛIэшIэгъу пчъагъэ зыныбжь унэхэу нэр пIэпызыххэрэр, анахь псыхъо инхэм ахалъытэрэ Дунай, Альпийскэ къушъхьэ зэхэтым, композитор бэлахьэу Моцарт афэдэхэу мы къэралыгъор дунаим щыцIэрыIо зышIыгъэр макIэп.

Сэ Австрием сыфэзыщагъэр тилъэпкъэгъоу ащ щыпсэухэрэр ары. 2008-рэ илъэсым «Адыгэм идунай» зыфиIорэ телевизионнэ проеткым изыпычыгъо мы хэгъэгум къыщызгъэхьазырыгъ.

Илъэс 40-кIэ узэкIэIэбэжьмэ апэрэ тилъэпкъэгъухэр мы къэралыгъом кощыгъэх. Ахэм янахьыбэр Тыркуем къикIыгъ. ЛIакъом щыщ горэ апэ къэкощти, нэужым игупсэхэр къыригъэблагъэхэзэ, зэIахьыл-благъэхэр непэ мы IэкIыб хэгъэгум щызэдэпсэухэ хъугъэ.

Илъэсищ хъугъэу Адыгэ Хасэм мыщ Iоф щешIэ. Хасэм итхьаматэу Едыдж Исмет егъэблэгъэ тхылъ къытфаригъэхьи, Австрием щыпсэурэ адыгэхэм таIукIэн амал дгъотыгъагъэ.

Едыдж Исмет илъэс 30 хъугъэ Тыркуем къикIи Австрием къызыкIуагъэр. Апэ Венэ, нэужым Кремс адэсыгъ. Аужырэ илъэсиблым Тифенфуха щэпсэу. Къоджэ псэукIэр нахь шIогупсэфэу, унэ мыщ къыщищэфыгъ. Ишъхьэгъусэрэ икIэлэ нахьыкIитIурэ игъусэхэу мэпсэу. ИкIэлэ нахьыжъ къыщагъ, унэгъо шъхьаф хъугъэ.


Едыдж Исмет иунагъу

# ПсэзэпылъхьэпIэ лъэхъэнэ

## Къэбэрдейм и IуэхукIэ Белград зэрыщызэгурыIуэрэ илъэс 270-рэ ирокъу



ИСТАМБЫЛ зэраубыд лъандэрэ (1453 гъэм щыщIэдзауэ), къаруушхуэ ягъуэтри, уэсмэн тыркухэм къуэкIыпIэмкIи къухьэпIэмкIи, ипщэкIи ищхъэрэкIи щызауэ хъуащ, я къэрал гъунапкъэхэм зрагъэукъуэдиин, я гъунэгъу лъахэхэр зыIэщIаубыдэн щхьэкIэ. ЩIэх дыдэ къехъулIащ ар абыхэм: тыркухэм я IэмыщIэ ихуащ Балкан, хьэрып щIыналъэхэр - Уэсмэн къэралыгъуэ лъэщ хъуащ. Аращ тхыдэр щыхьэт зытехъуэр.

Кавказми къещэ хъуа тыркухэр куэдрэ пылъакъым Куржым - абы и зэхуэдитIым нэхърэ нэхъыбэр персхэм къыIэщIахри езыхэм я лъэгум щIагъэуващ. Ардыдэр иращIащ Арменеми Азербайджанми.

Тхыдэм къегъэлъагъуэ зи гугъу тщIы зэманым (XVII-XVIII лIэщIыгъуэхэм) адыгэ лъэпкъхэр зыми зэрыIэщIэмылъар - ахэр ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкIуащ я щхьэ хуитрэ я унафэр езыхэм яIэщIыжу. Зи лъэ ува тыркухэм адыгэ хэкури зыIэщIалъхьэн мурад ящIат, куэдрэ къыщIэзэуат абы, ауэ ар зэи яхузэфIэкIакъым - абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэр щыгъунэжщ тхыдэм.

Тыркухэм къагурыIуэрт Кавказ Ищхъэрэм мыхьэнэуэ иIэр - ар зыIэрумыгъэхьауэ, Урысейм упэлъэщынутэкъым. Урысейри къыщIэзэурт Кавказым, ар тыркухэм я IэмыщIэ иримыгъэхуэн щхьэкIэ. Абы къыхэкIкIэ, къэралитIыр зэпэщIэувэн, куэдрэ зэзэуэн хуей хъуащ.

Тыркумрэ Урысеймрэ нэхъ зэпаубыдар Къэбэрдейрат - тIури щыгъуазэт абы къаруушхуэ зэрыбгъэдэлъым, Кавказ Ищхъэрэр къэбзэун мурад пщIамэ, псом япэрауэ, ар уи IэмыщIэ ибубыдэн зэрыхуейр.

Зи гугъу тщIы зэманым (XVII-XVIII) лIэщIыгъуэхэм Къэбэрдейр зыми IэщIэмылъ, зи щхьэ хуит къэралыгъуэу щытащ, и гъунапкъэхэр Псыжь къыщыщIэдзауэ Каспий тенджызым нэсу. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Къэбэрдейр зыIэрызыгъэхьэ къэралыр Кавказ Ищхъэрэм тепщэ щыхъунут - арат Тыркумрэ Урысеймрэ Къэбэрдейр щIызэпаубыдар. МафIитIым я кум дэхуа нэужь, къэбэрдейхэр кIэи пэи зимыIэж зауэхэм хэхутэ зэпытащ, я хэкумрэ хуитыныгъэмрэ зыми зэрырамыгъэубыдыным хущIэкъурти.

Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ къагъуэтми, Къэбэрдейр зэпаубыдурэ, Тыркумрэ Урысеймрэ мащIэрэ зэзэуакъым, зэрытемыгъакIуэмэ, зэпикIуэтыжу, зэман дагъэкIыурэ, Iэщэр къызэхуразыжу. ИкIэм-икIэжым, 1739 гъэм къэралитIыр Белград щызэгурыIуащ: Къэбэрдейр зыми IэщIремылъ, абы и Iуэхуми и унафэми Тыркури Урысейри хремыIэбэ. КъэралитIым апхуэдэ зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIылIэрэ мы гъэм фокIадэ мазэм илъэс 270-рэ хъуащ.

Урысеймрэ Тыркумрэ Белград зэрыщызэгурыIуамкIэ, Къэбэрдейр зи щхьэ хуит къэралу абы щыгъуэ ялъытащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, къэралитIым яку дагъэуващ, а тIур зэпэщIигъэкIуэтын щхьэкIэ. Езы къэбэрдейхэм зыри къеупщIакъым: фыарэзы Белград щытщIа унафэмкIэ, феувалIэрэ абы? Апхуэдэ упщIэм жэуап къыхуэгъуэтыгъуафIэ хъунутэкъым а зэманым: езы къэбэрдейхэм я акъыл зэтехуэртэкъым, зыр ипщэкIэ, зыр ищхъэрэкIэ плъэрт, пщыхэр гуп-гуп зэрищIыкIауэ, езыр-езырурэ зэщыхьэжурэ зэныкъуэкъурт, лIыфIыгъуэ зэримыгъахуэурэ.

Белград щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэм фIы къахудэкIуакъым къэбэрдейхэм, къащхьэпакъым ар, зауэри ящхьэщыкIакъым абы щхьэкIэ. Къэбэрдейм и «унафэмкIэ» зэгурыIуами, Тыркуми Урысейми щIачакъым, ар зы махуи тыншауэ пхужыIэнукъым - къэралитIри зэпымыууэ къедзэгъурт абы и гъунапкъэхэм, щэхуми нахуэми, и псэм къещэ зэпытт, Кавказ зауэр къэхъейуэ Къэбэрдейр мафIэлыгъэм хэхуэху («щхьэхуит» хъуауэ ялъыта Къэбэрдейращ илъэсищэкIэ екIуэкIа Кавказ зауэ гущIэгъуншэр щаублар - 1763 гъэм).

Пщыхэр зэщыхьэжурэ зэрызэныкъуэкъур къигъэсэбэпурэ («ахэр зэгуригъэIуэжын щхьэкIэ»), 1739 гъэм и ужькIи Урысейр къыхэIэбэрт Къэбэрдейм и Iуэхухэм - псалъэкIи IэщэкIи. Надир-шах 1744 гъэм и кIэм Дагъыстаным къихьа нэужь, ар щхьэусыгъуэ ищIри, урыс правительствэм Къэбэрдейм и гъунапкъэм дзэ къришэлIащ, ар 1739 гъэм Белград щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэм емызэгъми. Къэбэрдейм къагъэкIуащ куржы пащтыхьыкъуэ Бакар (урысыдзэм къулыкъу щызыщIэ адыгэ пхъурылъхур), ТыркумкIэ еплъэкI пщыхэр «щIригъэгъуэжыныр» и пщэрылъу. Абы и фIыгъэкIэ Мэзкуу адыгэпщхэм я лIыкIуэ кIуауэ щытащ урыс пащтыхьым зэрыхуэпэжым щыхьэт техъуэн щхьэкIэ. Тыркухэм ар къыщащIэм, Истамбыл дэс урыс лIыкIуэм къегиящ, «зыкъыхуагъэгусащ», фи псалъэм фытетыжкъым, жари. Езы тыркухэри тетыжтэкъым Белград щата псалъэм: зэуакIуэ къемыжьэми, Къэбэрдейм тIасхъэщIэххэр къраутIыпщхьэрт, пщыхэр дашэхын, ахэр Урысейм къыбгъэдашын щхьэкIэ. ТIасхъэщIэххэми къыщынэртэкъым тыркухэм Къэбэрдейм кърраутIыпщхэр: IэщэкIэ зэщIаузадэрти, зэуакIуэ къагъакIуэрт абыхэм я IэмыщIэ илъ къырым тэтэрхэр. Тыркухэм къызэщIагъаплъэурэ, 1739 гъэм и пэкIи и ужькIи Къэбэрдейм куэдрэ къытеуащ къырым хъанхэм я дзэр.

Къырым хъан Къаплъэн-Джэрий и дзэр 1708 гъэм щызэхакъута зауэм (Къэнжал зауэкIэ зэджэм) увыпIэшхуэ щеубыд Къэбэрдейми Кавказ Ищхъэрэми я тхыдэм. А зауэр Къэбэрдейм зэрыщекIуэкIамрэ къырымыдзэр абы зэрыщызэхакъутамрэ теухуа тхыгъэ куэд къызэранэкIащ XVIII-XIX лIэщIыгъуэхэм псэуа авторхэм.

Къэбэрдейм къытеуэн щхьэкIэ, Къаплъэн-Джэрий минищэм нэблагъэ дзэшхуэ кърришэжьащ. Урысейм Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и коллегием 1748 гъэм зэрыщатхамкIэ, «мы гъэм илъэс плIыщI мэхъу къырым хъаныр Къэбэрдейм зэуакIуэ зэрыкIуэрэ; хъаным дзэшхуэ щIыгъуащ. Къэбэрдейхэм бий мин щэщI зэтраукIащ; абыхэм къелар и гъусэу, хъаныр щIэпхъуэжащ».

Къэнжал зауэм къыщахьа текIуэныгъэм и фIыгъэкIэ, Къэбэрдейр зэрыщхьэхуитауэ къэнэжащ, зэрыпхъуакIуэхэм я IэмыщIэ ихуакъым гъунэгъу лъэпкъхэри.

Къырым хъаным и дзэр Къэбэрдейм зэрыщызэхакъутам и хъыбар жыжьэ нэсащ, абы и ужькIэ Къырымым и пщIэри ехуэхащ и къаруri щIэкIащ. Ар, шэч хэмылъу, къахуэщхьэпащ Ищхъэрэ зауэм (1700 - 1721) хэт урысхэми. Урысейм зауэ къезыщIылIа швед пащтыхьыр куэдкIэ ящыгугъырт тырку султIанымрэ къырым хъанымрэ, ауэ къырымыдзэр Къэбэрдейм щызэхакъута нэужь, тэтэрхэри тыркухэри шведхэм дэIэпыкъуэжыфакъым.

Къэнжал зауэм и ужькIэ Къэбэрдейм и пщIэр лъагэ хъуащ, Тыркуми Урысейми къагурыIуащ абы зэрызихъумэжыфын къару зэрыбгъэдэлъыр, зыми и IэмыщIэ зрилъхьэн мурад зэримыIэр. Дауи, Тыркуми Урысейми ар къамылъытапIэр иIакъым Белград трактатыр щызэращылIэм щыгъуэ.

Тырку султIанхэм я Iизын хэмылъатэмэ, къырым хъанхэм Шэрджэсри Къэбэрдейри тегушхуэгъуафIэ ящIынутэкъым, адыгэхэм къаруушхуэ зэрабгъэдэлъым фIыуэ щыгъуазэти. Къэнжал зауэм и пэкIи и ужькIи къырым хъанхэр зыушту щытар тырку султIанхэрщ. Къаплъэн-Джэрий и дзэм тырку аскэр миниплIым щIигъу хэтащ, абыхэм ящыщ пщIы бжыгъэщ къэбэрдейхэм къелар. Истамбыл дэс урыс лIыкIуэм етх: «Тыркухэр къигъэлыбащ шэрджэсхэм (къэбэрдейхэм. - *Ред.*) тэтэрхэр къызэрыхагъэщIам, ягу темыхуэххэр Керчь пэщэ Муртэза щIыгъуа янычархэр (тырку зауэлIхэр) шэрджэсхэм зэраIэщIэкIуэдарщ». Урыс лIыкIуэм Мэзкуу къызэритхамкIэ, «янычар дзэшхуэ хым зэпрашу Тэман яшэну я мурадщ, къырым тэтэрхэм щIыгъуу шэрджэсхэм ирагъэзэуэн щхьэкIэ».

Къырым хъанхэр зэуакIуэ зэи къежьакъым тырку аскэрхэр къыщIамыгъуауэ. Абыхэм адыгэхэм кърращIылIэ зауэхэр зэпыуакъым Къырымыр Урысейм и IэмыщIэ ихуэху; Белград щызэращIылIа трактатри щIэх дыдэ ящыгъупщэжауэ щытащ Iэджэ щIауэ ди псэмрэ ди хэкумрэ къещэ зэрыпхъуакIуэ къанлыхэм…

Уэшх блэкIам щIакIуэ кIэлъащтэжыркъым. Белград трактатым и ужькIэ насыпыншагъэ куэдым хэхуащ Къэбэрдейр. Хэт ар зи лажьэр? Нобэ абы жэуап ептыну нэхъ тыншщ. Насыпыншагъэ Iэджэ къыдэкIуащ лIакъуэлIэшхэр зэрызэгурымыIуэм - гуп зыбжанэ зращIыкIауэ Темрыкъуэ и зэман лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэхэм. Абы и зэранщ Къэбэрдейр гуащIэмащIэ, тегушхуэгъуафIэ хъуауэ Кавказ зауэм зэрырихьэлIар. Ар яубла нэужь, урыс пащтыхьым и дзэпщхэм щIэх дыдэу "зыщагъэгъупщащ" Урысеймрэ Тыркумрэ Белград щызэращIылIа трактатыр. Кавказ зауэр яублэри, пащтыхьым и дзэпщхэм лъы мащIэ щагъэжакъым Къэбэрдейм: зэгуэр мелуан ныкъуэ хъууэ щыта къэбэрдейхэм XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм къахэнэжар мин 40-м щIигъужакъым. Зауэм хисхьэпар Псыжь ис адыгэхэрщ - мащIэ дыдэщ абы и ужькIэ хэкум къинэжар.

Темрыкъуэ зэрыщIэлъэIуам ипкъ иткIэ, Тэрчрэ Сунжэрэ щызэхэхуэм деж пащтыхь Иуан IV къалэ-быдапIэ щаухуэну унафэ ищIат. Ар ягу техуакъым тырку султIанми къырым хъанми - абы щыхьэт тохъуэ Урысейм и архивхэм къыхэна материал куэд.

Къырым хъан Долэт-Джэрий 1567 гъэм фокIадэ мазэм пащтыхь Иуан хуитхащ:

«Дэ зэхэтхащ Тэрч Iуфэ къалэ зэрыIуфщIыхьар. Шэрджэсхэр, дэ, Джэрий хъанхэм, ди IупэфIэгъущ, къалэмкIэ уэ уи мурадыр шэрджэсхэр тпэIэщIэ пщIыну аращ…»

Къырымым щыIэ урыс лIыкIуэ Нагов А. Ф. 1569 гъэм щэкIуэгъуэ мазэм Мэзкуу нигъэсащ хъан Долэт-Джэрий къыжриIа псалъэр:

«Фи пащтыхьым Тэрч Iуфэ къалэ щиухуэн мурад зэрищIам и хъыбар зэхэсхащ. Ныбжьэгъугъэрэ къуэшыгъэкIэ къызбгъэдэтын мурад абы иIэмэ, Тэрч Iуфэ къалэ щремыухуэ. Ар пщIэмэ, фи пащтыхьым бгы хуэдиз дыщэ къызитами, секIужынукъым, игъащIэкIэ згъэбиинущ…»

Пащтыхь Иуан къырым хъан Долэт-Джэрий 1568 гъэм щIышылэ мазэм хуитхащ: «Тэрч Iуфэ къалэ щыдухуэн мурад тщIамэ, ар Темрыкъуэпщым и лъэIум къыхэкIащ. Жагъуэгъур и куэдщ Темрыкъуэпщым, ар и жагъуэгъухэмрэ и бийхэмрэ щытхъумэн папщIэщ къалэ хуэдухуэн мурад щIэтщIар, ар зыкIи зэран къыхуэхъунукъым къырым хъаным…»

1570 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 15-20-хэм Тырку уэзирышхуэ Маамэт-пэщэ хуэза нэужь, урыс лIыкIуэ Новосильцев Иван Мэзкуу къитхащ:

«Пэщэр къызэупщIащ: ди щIым къалэ щхьэ кърищIыхьрэ фи пащтыхьым? Абы сыщIэупщIэн хуейуэ си пщэ кърилъхьащ ди султIаным.

Иван (Новосильцевым) жиIащ: Ди пащтыхьым Тэрч Iуфэ къалэ щIыIуищIыхьыр Темрыкъуэпщым и лъэIукIэщ, абы и пхъур и щхьэгъусэщ ди пащтыхьым. И жагъуэгъухэмрэ и бийхэмрэ псэугъуэ кърaтыркъым Темрыкъуэ, къытеуэурэ яхъунщIэ, и цIыхухэр зэтраукIэ. Темрыкъуэ и лъахэрщ къалэ здращIыхьар, Къэбэрдейм я пщышхуэщ Темрыкъуэ, абы къыщхьэщыжын хуейуэ елъытэ ди пащтыхьым.

Пэщэм жиIащ: А лъахэри, Шэрджэсри, Къумыкъури, Къырымцэмхъалри ди IэмыщIэ илъщ игъащIэ лъандэрэ, ди динри зыщ. Аращ цIыху ныщIигъэкIуар - къалэр здаухуа щIыпIэр зригъэлъагъун щхьэкIэ.

Иван жиIащ: Къэбэрдеймрэ Беслъэнеймрэ верст 500-кIэ зэпэжыжьэщ, Къэбэрдейр Темрыкъуэ фIэкI зыми IэщIэлъкъым, ар фи жьауэм щIэт шэрджэсхэм ящщыкъым…”

Тырку султIанымрэ къырым хъанымрэ къыщытракъузэм, Темрыкъуэ и лъэIукIэ урыс пащтыхьым Тэрч псым и Iуфэм (абы Сунжэ щыхэхуэм деж) IуищIыхьа къалэ-быдапIэр икъутэжын хуей хъуащ. АбыкIэ пащтыхьым хъыбар иригъэщIащ тырку султIан Селим (1571 гъэм гъатхэпэ мазэм). Темрыкъуэ дунейм ехыжа нэужь, абы и бынхэм, и телъхьэ пщыхэм я лъэIукIэ Тэрч, Сунжэ псыхэм я Iуфэм нэгъуэщI къалэ-быдапIэ зыбжани щаухуащ урысхэм - 1578, 1590, 1630, 1651 гъэхэм, ауэ абыхэм куэд къагъэщIакъым: тырку султIанхэмрэ къырым хъанхэмрэ щышынащ Къэбэрдейм иращIыхь къалэхэм. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэт: а къалэхэм Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ нэхъри благъэ зэхуищIынкIэ ди бийхэр игъэгузэват.

Урысейм фIэкI Къэбэрдейм нэгъуэщI плъапIэ зэримыIэр хьэкъыу зыпхыкIа пщы губзыгъэхэм ящыщащ ХьэтIохъущокъуэ Исмел и адэри, Темрыкъуэ. Ар Урысейм и телъхьэ пщы Iущт, ауэ урыс дзэпщхэм Къэбэрдейм щызэрахьэ лейр щилъагъум, Тыркумрэ КъырымымкIэ еплъэкI хъуауэ щытащ, хьэж ищIауэ къыщигъэзэжым, Къырымым къыщызэтеувыIэри, Темрыкъуэ абы зыщиIэжьащ, Iэщэ къыздишэри къэкIуэжащ, Къэбэрдейр Тыркумрэ КъырымымкIэ «ириIуэнтIэкIын» мурад иIауи къыщIэкIынущ. Къэбэрдейм къихьэжа нэужь (1771 гъэм и ужькIэ), Темрыкъуэ хуэм-хуэмурэ къыгурыIуащ Къэбэрдейр Тыркуми Къырымми я IэмыщIэ иплъхьэ зэрымыхъунур. Аращ и къуэм, Исмел, Урысейм кIуэн, абы щIэныгъэ щызригъэгъуэтын хуейуэ унафэ щIыхуищIар - нэрылъагъут къэбэрдейхэм Урысейм фIэкI нэгъуэщI плъапIэ зэрамыIэр. ИлъэсипщIым нэблагъэкIэ щеджащ Исмел Урысейм, дзэм къулыкъу щищIащ, урыс-тырку зауэхэм хэтащ, Измаил быдапIэр къыщащтэм щыгъуэ зэрихьа лIыгъэм папщIэ Георгий орден кърататащ. Александр Езанэр пащтыхь хъуа нэужь, Исмел 1801 - 1804 гъэхэм Бытырбыху щыIащ, къэрал Iуэху и пщэ къыдалъхьауэ. Урысей къалащхьэм щыдэсми, ХьэтIохъущокъуэ Исмел и нэIэ тригэкIакъым и хэкум. Къэбэрдейм и Iуэхур хэплъэгъуэ хъуат а зэманым: урыс дзэпщхэм зэрахьэ лейр ягу темыхуэу, пщы, лIакъуэлIэш, уэркъ куэдым зыкъаIэтат, жылэр гуитIщхьитI хъуат. Iуэхур абы нэсауэ, ХьэтIохъущокъуэ Исмел 1804 гъэм Къэбэрдейм къихьэжащ. Къэбэрдейм и унафэр шыбгъэрэ сэшхуэкIэ ящIын мурадым къыщIэтэджахэм япэувври, Исмел хузэфIэкI псори илэжьащ, «псэм нэхърэ нэхъ игъэлъапIэ хэкур» мафIэм къыхишын щхьэкIэ. Къэбэрдей лъэпкъ хасэм и пащхьэ иту Исмел жиIат: «…Фи акъыл фихьэж, ди щхьэр хэдвмыгъалъхьэ, фызэчэнджэщ мы хасэм кърихьэлIахэр, ди лъэпкъым къыщхьэщыхьа шынагъуэр щхьэщытха зэрыхъунум и унафэр фщIы». Езы Исмел и щхьэм хуищIыжакIэт а унафэр. Лъэпкъ хасэм и пащхьэм мыри щыжиIащ пщы губзыгъэм: «Ди гум зэи имыху ди адэжь Iущхэм я уэсятщ а къэрал лъэщым (Урысейм - *Ред.*) и жьауэм дыщIэтын хуейуэ». Дунейм тетыху, аращ ХьэтIохъущокъуэ Исмел зыхуэлэжьар - Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ яку мамырыгъэ дэлъхьэн, адыгэхэр щIэныгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ я гъуэгум тешэн. А гупсысэхэращ Исмел Урысейм и лIыщхьэхэм я пащхьэ ирилъхьа тхылъхэм («Краткое описание жителей Горских Черкес», «Записки о жителях Кавказа», н.) лъабжьэ хуэхъуар. А тхылъхэм зэрыщыжиIэмкIэ, Къэбэрдейм и Iуэхур къыщызэщIэплъар Кавказ линэкIэ зэджэр яухуа нэужьщ: абы и зэранкIэ Къэбэрдейм щIы куэд фIэкIуэдащ, бгырысхэр вакъэ зэв ирагъэуващ - аращ пщыхэми, уэркъхэми, зэрылъэпкъыуи ягу темыхуар. Къэбэрдейм яфIэкIуэда щIыр кърaтыжыпхъэщ, дзэпщхэмрэ къулыкъузехьэхэмрэ къэбэрдейхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ лъэпкъ хабзэхэм хэIэбэ хъунукъым, Урысейм и IэмыщIэ зралъхьа нэужьи къэбэрдейхэм я лъэпкъ Iуэхухэр езыхэм зэфIахыжын хуейщ - абыкIэ пэрыуэгъу къахуэмыхъумэ, Къэбэрдейр Урысейм къыбгъэдэкIынукъым. Нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ, Къэбэрдейм автономие гуэр иIэну игъуэ хъуат - акъылышхуэрэ щIэныгъэ куурэ уиIэн хуейт, а зэманым апхуэдэ гупсысэм уи щхьэр нэсын папщIэ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**









● Причерноморская Шапсугия

# НОВАЯ ШКОЛА - НОВАЯ ЖИЗНЬ

В ауле Большой Кичмай открыт суперсовременный образовательно-культурный центр, не имеющий аналогов в Краснодарском крае



ПУСТЫРЬ на окраине аула, где еще недавно местная детвора с утра до вечера гоняла мяч, теперь остался только на фотографиях - ровная поляна, горы вокруг, река рядом. Апрель 2004-го. Торжества в Большом Кичмае по случаю 80-летия небольшой сельской школы, появившейся здесь еще на заре советской власти, получили совсем неожиданное продолжение. В тот день все было, как во сне: огромное число гостей, цветы, подарки и… добрая весть - скоро начнут строить новую школу. В это поначалу верилось с трудом: сколько раньше было обещаний и надежд, всякий раз разбивавшихся о жестокую реальность!

Старейшине Большого Кичмая Рамазану Айтековичу Гвашеву никакие фотографии не нужны - день закладки символического первого кирпича в основание крупного образовательно-культурного центра в его родном ауле старику уже не забыть. Он сам когда-то учился в местной школе, здесь же за парты сели его дети, потом внуки. Пришел черед вести в школу и правнуков. Труженик-работяга, разменявший восьмой десяток, не привыкший к всеобщему вниманию, в тот важный исторический момент неожиданно оказался на самой «передовой». Именно ему, глубоко уважаемому среди односельчан человеку, было доверено почетное право дать старт «стройке века» - как-то иначе воспринимать этот масштабный проект, тянувший более чем на двести миллионов рублей, было очень трудно. С тех пор минуло всего пять лет, хотя, кажется, целая вечность позади. Для деда Рамазана, как, впрочем, и для остальных аульчан, нынешний сентябрь тоже стал знаменательным: теперь все действительно позади - мечта сбылась, радуйтесь люди!

Задолго до завершения первой очереди работ в новую школу людей тянуло, как магнитом. Мимо действительно не проедешь - красавица, глаз не оторвать: великолепный проект, современный дизайн, многофункциональность, несомненных достоинств масса.

- Новая школа - труд многих сотен людей, который визуально стал виден только сегодня, - подчеркивает директор образовательного учреждения Аслан Гвашев. - Проект большой, дорогостоящий, требовалась серьезная и очень тщательная подготовительная работа, финансовая поддержка со стороны краевых и городских властей, помощь администрации района, депутатского корпуса, общественной организации «Адыгэ Хасэ», совета ТОС «Кичмай», местных жителей - каждый внес свою лепту в общее дело. Особое спасибо, конечно, строителям СМУ-6, вложившим свою душу в это здание. Финальную точку ставить пока рано - нужно довести процесс до логического конца, нам предстоит еще строительство стадиона, доукомплектование необходимым оборудованием, но главное сделано: дети сели за парты нового суперсовременного образовательно-культурного центра.

Теперь экскурсии впору водить уже в старое здание, ставшее неким музейным экспонатом. Оно верой и правдой прослужило людям 85 лет, пора передавать эстафету… Глядя на чудо-новостройку - современные корпуса, где есть все для полноценного учебного процесса - просторные классы, рабочие кабинеты, столовая, спортивный и актовый залы, библиотека, мастерские, раздевалки, душевые, медицинский блок, да и много еще чего, о ее предшественнице вспоминать особо не хочется - это уже вчерашний день. Деревянные стены и полы, вечно дававшая течь кровля, узкие комнатушки, заменявшие классы, занятия в две смены, «удобства» на улице - через это прошло не одно поколение аульчан, грезивших о переменах в своей жизни.

ТЕПЕРЬ настали другие времена. Конечно, давалось все огромными, титаническими усилиями, новая школа в Большом Кичмае появилась не так просто. Заниматься капитальным строительством сегодня - не домик мелом на асфальте нарисовать. Видимо здесь, люди перемен хотели значительно больше, чем другие, поэтому шли к цели долго, настойчиво, не останавливаясь перед закрытыми дверьми. Вопрос активно «пробивался» не только на городском и краевом уровнях, выносился на обсуждение даже в федеральных министерствах. Под лежачий камень, как известно, вода не течет - получилось. Удалось убедить всех, что школа аулу нужна не просто, как воздух - без нее у селения нет будущего. Решение было принято, поэтапно изыскивались необходимые финансовые средства. Это сейчас строительный объект в Большом Кичмае имеет общекраевое значение, а тогда, пять, десять, двадцать лет назад?

Много сделал для реализации идеи и педагогический коллектив образовательного учреждения, заметно выделяющийся на общем фоне. Тут и современные методики обучения, и достаточно стабильные показатели, и высокий уровень поступлений выпускников в различные вузы страны. Есть здесь, кстати, заслуженный учитель Кубани, обладатель президентской премии, вручаемой в рамках реализации нацпроекта «Образование», отличники педагогического труда, учительские династии - совсем неплохие достижения для маленькой сельской школы. Много молодых преподавателей - преемственность поколений налицо: рядом трудятся педагоги и их бывшие ученики. И это не главное. Сегодня школа в Кичмае - настоящий образовательный и культурный центр аула со своими крепкими традициями. Вот уже двадцать лет местная молодежь изучает адыгский язык, в стенах учреждения проходят интереснейшие мероприятия этнографического характера, детей приобщают к традициям и обычаям своего народа, школьная команда - уверенно удерживает лидирующее положение на городских олимпиадах по родной словесности. А что будет в новой школе? Представляете, с каким настроением теперь пойдет здесь жизнь?

Гостей в Большом Кичмае любят. Это не просто дань традиционному горскому хлебосольству. Радушие - важнейшая составляющая мировоззрения местного населения. Друзей созывали отовсюду – из Москвы, Краснодара, Сочи, соседней Адыгеи. Первого сентября все дороги вели именно сюда - в долину реки Шахе. С раннего утра к месту события тянулись сотни людей, громко звучала музыка, на импровизированной сцене выступали хореографический ансамбль и детский хор, готовилось вкусное угощение.

- Мы не имели права останавливать работы на этом объекте, даже в условиях жесткого финансового кризиса, - отметил, открывая праздник, глава города Анатолий Пахомов. - Каждый, от кого зависела судьба новой школы в Кичмае, прекрасно понимал, насколько она нужна аулу, как долго ее ждали люди. Большой Кичмай, безусловно, достоин подобного подарка.

Поздравить адыгов Причерноморья в этот исторический день приехала делегация из Республики Адыгея - вице-премьер правительства Алексей Петрусенко, председатель комитета Государственного Совета-Хасэ РА по науке, образованию и делам молодежи Юрий Удычак, знаменитый музыкант, руководитель фольклорного ансамбля «Жъыу» Замудин Гучев.

- Школа действительно впечатляет! - признался в интервью газете «Шапсугия» Алексей Петрусенко. - Таким центром можно только гордиться - он и внешне, и внутренне соответствует высоким современным стандартам. Хочется пожелать педагогическому коллективу, детям, всему аулу полноценного развития, постоянного движения вперед, без этого нет будущего.

- Мы специально приехали поздравить наших братьев-шапсугов, разделить с ними эту безграничную радость, - подчеркнул Юрий Удычак. - Для нас важно, что школа в Большом Кичмае - традиционно одна из лучших в области обучения детей родному языку. Многое здесь делается и для сохранения самобытной культуры адыгов, поэтому лучшим подарком к празднику, на наш взгляд, станет большой комплект учебной литературы по адыгскому языку и литературе, а также основам адыгэ хабзэ.

Серьезную помощь в реализации этого масштабного проекта оказало «Адыгэ Хасэ» причерноморских адыгов. В свое время во многом благодаря активному участию общественного парламента шапсугов удалось сдвинуть с «мертвой точки» вопрос начала строительства школы, внимательно отслеживался и ход работ в Большом Кичмае.

- Мы являемся очевидцами события огромного социального значения, - убежден руководитель организации Мажид Чачух. - Наконец-то сбылась давняя мечта многих поколений жителей аула иметь современную школу. Теперь этот уникальный в своем роде комплекс позволит решить большое число проблем, поможет реализовать интересные образовательно-культурные проекты.

Наступает волнительный момент: генеральный директор предприятия СМУ-6 Давлетбий Хачемизов передает символический ключ от нового образовательно-культурного центра директору школы Аслану Гвашеву. Перерезается красная лента, звучит школьный звонок - счастливые первоклашки вместе с мэром, старейшинами и строителями переступают порог чудо-новостройки. Проходят по длинному коридору, заходят в один класс, второй, третий. В школе идет урок гражданственности. «Я люблю свой край» - читает Анатолий Пахомов название темы занятия в восьмом классе.

- Символичное начало, очень важное, - подчеркивает глава города, обращаясь к ученикам. - Любовь к родной стране начинается с малого: с уважения к себе, к родителям, к родному аулу, к городу, в котором мы живем. Любите свою землю, достойно учитесь, честно трудитесь, преумножайте традиции предков. Теперь на каждом из вас лежит огромная ответственность - стать достойными и уважаемыми людьми. В такой школе, как у вас, плохо учиться не только нельзя - непростительно. Сегодня я привез подарок интерактивную доску, благодаря которой уроки станут интереснее, эффективнее. Она пока в единственном экземпляре, будем постепенно оборудовать школу всем необходимым - это целиком наша забота.

В разговоре со старшеклассниками Анатолий Пахомов говорит на другие, более взрослые темы: какую профессию хотите выбрать, куда поедете учиться?

- Как бы ни сложилась ваша дальнейшая жизнь, помните о главном: вы должны обязательно вернуться в родной аул, - призывает молодежь градоначальник. - Вам строить здесь новую жизнь, развивать экономику, образование, культуру, поднимать сельское хозяйство. Город нуждается в активных, талантливых, всесторонне развитых людях - свою миссию мы, в определенной степени, уже выполнили, теперь дело только за вами.

Гостей приглашают в этноуголок - он ляжет в основу школьного музея истории. Здесь собраны предметы адыгской старины, традиционная одежда черкесов, народные музыкальные инструменты. Рядом - фотоэкспозиция, рассказывающая об этапах строительства новой школы. Глава города идет дальше - в спортивный зал. По ходу дела обсуждаются рабочие вопросы - на завершение строительства нужны дополнительные средства, немалых затрат потребует и стадион.

- От обещаний никто отказываться не собирается, - подчеркивает мэр. - Начали дело - обязательно завершим. Все должно быть качественным, удобным, строить надо на века. Мы должны оставить здесь добрую память о себе…

Праздник завершился поздним вечером - был большой концерт, народные гуляния. Главный пункт программы - ознакомительная экскурсия по новостройке. Впереди всех, в группе старейшин, уверенно шагал 76-летний Рамазан Гвашев. Сегодня он радовался больше остальных - рука у старика, пять лет назад положившего первый кирпич в фундамент будущей школы, оказалась легкой - чем не повод для гордости?

Анзор НИБО,
*главный редактор газеты «Шапсугия».*

Нэхъыжьым и псалъэ

# Къалэн пажэ



**Адыгэхэр зыхэта тхьэмыщкIагъэхэм яужькIэ лъэпкъым и гур зэрыгъуэтыжауэ япэ дыдэу щызэхуэсар Дунейпсо Адыгэ Хасэр къыщызэрагъэпэщым ирагъэкIуэкIа япэ Конгрессыращ. А хъыбарыфIыр щызэхэтхам ди гуфIэгъуэм кIэ иIэтэкъым. ДэнэкIи щикъухьа хъуа лъэпкъыр къызэщIэзубыдэн, зы къаруууэ лъэпкъ Iуэхум хуэлэжьэн зэгухьэныгъэм и фIагъыр зыхэзымыщIыкIа къэнатэкъым. Япэ Зэхуэсышхуэм срагъэблэгъауэ сыхэтащ, щыжаIа псори, къыхэлъхьэныгъэу, щащIахэри зэхэсхат икIи сыщыгуфIыкIат.**

НЭХЪЫЩХЬЭР арати, лъэпкъым сэбэп хуэхъун зэгухьэныгъэ яухуат. ИужькIи ДАХ-м и Зэхуэсышхуэхэм зэкъым сызэрырихьэлIар. Пэжу жыпIэмэ, ипэм щыIа хэлъэтыр хуэм-хуэмурэ нэхъ ужьыхыу гу лъыстащ. АбыкIэ зыри бгъэкъуэншэфынукъым. Зэманым псори ехъуэж, Хасэшхуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм нэхъапэм халъхьа мыхьэнэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэри къыхэхуагъэнщ. Ауэ пщыгъупщэ мыхъунур зыщ: Хасэшхуэм и Iуэхухэр зэкIэлъыкIуэу, хэгупсысыхьауэ дэхыныр, абы и жьауэм адыгэу дунейм тетыр щIэгъэувэныр къалэн пажэщ. Ар гъэзэщIа хъумэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм зиужьынущ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Уставым лъэпкъым и бзэр, щэнхабзэр, гъуазджэр, тхыдэр хъумэнымкIэ, а псори зэщIэкъуэжынымкIэ плъэкI къомыгъэнэну хуит уещI. ПхузэфIэмыхыну Iуэхугъуэхэм зеппщыту зэманыр пщIэншэу пIэщIэкI нэхърэ хэкIыпIэу щыIэхэр зэпэпшэчу, гъуэгу захуэ утеувэмэ, нэхъ щхьэпэщ. Адыгэр зэкъуэдгъэувэжынумэ, абы дызэрелэжьын Iэмалхэр мымащIэу диIэ хъуащ. ДАХ-м и къару илъщ абы щыщ куэд къигъэсэбэпыну.

ИтIанэ, сэ сызэрегупсысыр аращ, лъэпкъыр дызэзыгъэбыдылIэжынур псоми хэтш лъагъуэращ, абы къыкIэлъыкIуэу акъыл зэхэддзэращ. А гъуэгум быдэу дытеувэмэ, дызэгурыIуэмэ, Хасэшхуэм и пщэрылъ пажэхэр дгъэзэщIэфынущ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм гугъэфI куэд къыдиту къызэрежьауэ щытам хуэдэу, дяпэкIи мурадхэр зыхуигъэувыжу, ахэр зэрызригъэхъулIэфынымкIэ лъэпкъым фIэщхъуныгъэ быдэ егъэщIыным куэд елъытащ. Хасэшхуэм дзыхь хуащIу, абы и пщIэр яIэту гъэпсыным мыхьэнэшхуэ иIэщ.

**ХЪУПСЫРОКЪУЭ Хъызыр,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*
*Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ.*



Адыгэ унагъуэ.
*Сурэтыр XVIII лIэщIыгъуэм ящIащ.*

# Лъэпкъым и къарур

Нэхъыщ1эм и псалъэ

**Хамэ къэралхэм щикъухьа адыгэхэмрэ хэкужьым къинахэмрэ зэпыщIэжыныр къалэн зыхуэхъуа Дунейпсо Адыгэ Хасэр къыщызэрагъэпэщым, абы и лъэр утыкушхуэм щагъэувыным гугъуехь мащIэкъым далъэгъуар. Арами Хасэшхуэр зэфIэзыгъэувахэм, адэкIи абы и IуэхуфIхэм пызыщэ цIыху щыпкъэхэм я фIыгъэкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр лъэпкъыр зэзыпхыж «лъэмыжу», абы и къэкIуэнум псэемыблэжу хуэлажьэ зэгухьэныгъэу ноби зэфIэтщ.**

**ДАХ-р къызэрыунэхурэ цIыхушхуэ мащIэкъым хэтар, лъэпкъ Iуэхухэр гъэкIуэтэным дэтхэнэми и Iыхьэ фI хилъхьэу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Хасэшхуэм лъабжьэ хуэзыгъэтIылъа, зи чэнджэщхэмрэ ущиехэмрэ дызыхуэныкъуэ нэхъыжьыфI куэд къытхэтыжкъым. Ауэ щыIэщ абыхэм я гъуэгум пызыщэу, ДАХ-м и пщэрылъ нэхъыщхьэм - зэкъуэуда лъэпкъыр зы щIыжыным адэкIи псэемыблэжу хуэлэжьэнухэр.**



Аслъэн Алий

КЪАХУ ЭУВ къалэнхэм иужьрей илъэсищым жыджэру пэрытахэм ящыщщ Къэрэшей-Шэрджэсым къыбгъэдэкIыу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акIуэ гупым хэт, КъШР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат, КъШР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Аслъэн Алий.

2006 гъэм Истамбыл щекIуэкIа ДАХ-м и VII Зэхуэсышхуэм ди республикэм и лIыкIуэу Алий щагъэкIуам, адыгэ Iуэхум гулъытэ хузиIэ щIалэр зэуэ къыхалъагъукIащ, къыкIэлъыкIуэ илъэсищым Хасэшхуэм хэтыну дзыхь зыхуащIахэми хабжащ. Адыгэхьэблэ районым и Адыгэ Хасэм и унафэщIу щыткIэрэ, Алий лъэпкъым дежкIэ нэхъыщхьэмрэ ипэ игъэщыпхъэмрэ фIыуэ хэгъуэзауэ ищIэрти, къыхуащIа къалэнхэр щIэуэ къыщыхъуакъым, атIэ зэса, фIыуэ илъагъу лэжьыгъэм пищащ, и пщэрылъхэм я къэухьыр нэхъ ин хъуащ, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэм я мызакъуэу, Дуней псом щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм ялъэIэ-сыну Iэмал игъуэтащ. Нэхъри къару кърitащ ДАХ-м лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм запыщIэнымкIэ и гупым и пашэ зэращIам. ЗэрыжаIэу, гъуэгу псори хузэIуха хъуа нэужь, Алий хэхэсу псэу, Урысейм и хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм ис адыгэхэм я щыIэкIэр зригъащIэу щIидзащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм, Шапсыгъым мызэмытIэу щыIащ, Тыркум ис ди лъэпкъэгъухэм запищIащ. Нобэрей зэманым адыгэ гъащIэр зэрекIуэкIыр къихута нэужь, ищIэн хуеймрэ зэлэжьынумрэ игъэбелджылащ.

Алий куэдрэ жеIэ: «Ди къэкIуэнур зыIэщIэтлъхьэну щIэблэм едгъэлъагъуращ зыхаубыдэнур, зытетшэ гъуэгуращ гъуазэ яхуэхъунур». Абы къыхэпхыфынущ и IуэхущIафэхэр зыхуиунэтIа лъэныкъуэри. Ар щIэблэ къэхъум дэлэжьэныращ.

Сыт хуэдэ къулыкъу бгъэдэлъми, сыт хуэдэ щIэныгъэ иIэми, зи бзэр IэщIыб зыщI цIыхум лъэпкъым деж зэи пщIэ щигъуэтынукъым». А гупсысэм Алий текIкъым икIи еджапIэхэм анэдэлъхубзэр зэрыщрагъэджыр и нэIэм щIигъэтщ. «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм еджапIэхэм зэрызыщыхуагъэхьэзырым, ныбжьыщIэхэр абы зэрыхашэм кIэлъоплъ, иужькIэ бзэм хуащI гулъытэр игъэнахуэу ныкъусаныгъэхэмрэ щапхъэфIхэмрэ къыхигъэщу, зэпишэчыжын папщIэ.

Анэдэлъхубзэм мыхьэнэ зэрыритым хуэдэу, адыгэ щэнхабзэр хъумэным Алий хэлъхьэныгъэ ин хуещI.

ЩIэн хуейм тепсэлъэхь къудейуэ щымыту езым и щапхъэкIэ Iуэху зэралэжьыр егъэлъагъуэ. Апхуэдэу Къэрэшей-Шэрджэсым адыгэ джэгу щегъэкIуэкIыныр къыхилъхьэу, ар япэ дыдэу Адыгэхьэблэ къуажэм дахэу, гукъинэжу зэрыщызэхишар куэд и уасэт. ИужькIэ абы и гъуэгум ирикIуащ Черкесск къалэм дэс щIалэгъуалэр икIи нобэ хабзэфI яхуэхъуауэ къуажэхэми къалэхэми джэгу щрагъэкIуэкI. КъинэмыщIауэ, хьэгъуэлIыгъуэхэр адыгэ хабзэм тету егъэкIуэкIыным къуажэдэсхэр къыхуреджэ. ЩапхъэфIщ иужьрей зэманым Алий и чэнджэщым щIэту Адыгэхьэблэ къуажэм щыщу унагъуэ зэдэзыщI ныбжьыщIэхэм адыгэ фащэ ящыгъыу, джэгуакIуэм гуфIэгъуэр зэхишэу ирагъэкIуэкI нысашэхэр куэд зэрыхъуар.

Адыгэ хабзэр зэрыдахэм хуэдэу абы и купщIэри зэрыкуур Алий щIэблэм зэрынихьэсыным хущIокъу. ЩIалэхэм лъэпкъыр зэращыгугъыр къагуригъаIуэу, абыхэм я зыIыгъыкIэм, гъэсэныгъэм куэд зэрелъытар яжриIэу куэдрэ яхуозэ.

Лъэпкъ тхыдэр щIалэгъуалэм Iэмал зэриIэкIэ егъэджын хуейуэ къелъытэ. Псом хуэмыдэу Кавказ зауэм адыгэхэм къахуихьар, ар щиуха накъыгъэм и 21-р - адыгэхэм я щыгъуэ махуэу зэрыщытыр ярегъащIэ. Гъэ къэс абы теухуа пшыхь ярегъэгъэхьэзыр, ныбжьыщIэхэри егъэджакIуэхэри хэту.

Хэкужьымрэ хэхэс адыгэхэмрэ зэрызэпхалъагъуэр нэхъри бгъуфIэ щIынымкIэ Хасэшхуэм иригъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм Аслъэн Алий жыджэру хэтщ. Япэрауэ, хамэ къэралхэм щыIэ адыгэ щIалэгъуалэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм къакIуэ зэпыту, Къэрэшей-Шэрджэсым щIагъуэу къызэримыхьэр игъэзэкIуэжу, хэхэс щIэблэр ди республикэми къешэлIэныр и нэIэм щIигъэуващ. Хамэ къэралхэм къикIыу адэжь щIыналъэр зэзыгъэлъагъуну къакIуэ ди лъэпкъэгъухэр Черкесск къалэм кърагъэблагъэу щIадзащ, ди ныбжьыщIэхэмрэ хэхэс щIалэгъуалэмрэ зэрыгъэщIэным мыхьэнэ ин ирату.

Нобэ Алий зыпэрыт депутат къалэнхэри адыгэ Iуэхури зэдехь, абы хузэфIокI сыт хуэдэ и лэжьыгъэри лъэпкъым сэбэп къызыхухэкIын лъэныкъуэмкIэ иунэтIын.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэрыхэт пIалъэм Аслъэн Алий наIуэ ищIащ Хасэшхуэр къаруущIэ, еплъыкIэщIэ зэрыхуэныкъуэр. ДАХ-м нобэ хэтх эм ящыщу Алий нэхъыщIэ дыдэщ.

- Зы зэгухьэныгъэм, IуэхущIапIэм и къару къимыхьынкIи мэхъу лъэпкъ гукъеуэ псоми пэщIэувэныр. Псори зэлъытар ар зыхуэлажьэ лъэпкъыр Iуэхум зэрыхузэIухамрэ абы и Iыхьэ хилъхьэным зэрыхуэхьэзырымрэщ, - жеIэ Алий, и щапхъэкIэ зы цIыхум и лъэпкъым хуищIэфынур зэрыкуэдыр къигъэлъагъуэу.

**ХУТЭ Iэминат.**
*Черкесск къалэ.*

# Адыгэхэм папщIэ

**ШЭРДЖЭСЫР пщыгъуэ пщыкIуплI мэхъу, дэтхэнэми и щIыналъэмрэ и гъунапкъэмрэ гъэнэхуауэ. Ар зыми и Iэмыщ1э илъкъым. Зыгуэр къеныкъуэкъу хъумэ, жыжьэуи зрагъэкIуалIэркъым.**

*Главани Ксаверио (Франджы). 1724 гъэ*

• • •

**АДЫГЭМ деж еблэгъа хьэщIэр къыщIыхэщтыкIын щыIэкъым - ар быдапIэм ис пэлъытэщ: и хьэщIэр ихъумэурэ, бысымым и гъащIэр итыфынущ. Щригъэжьэжкlэ, шу гъусэ хуимыщIауэ, бысымым хьэщIэр гъуэгу тригъэхьэжынукъым. Гъуэгу тригъэхьэжа хьэщIэм зыгуэр къыщыщI хъужыкъуэмэ, абы илъ имыщIэжауэ, адыгэр етIысэхынукъым.**

*Паллас Петр-Симон (Германие). 1793 гъэ*

• • •

**ФАЩЭРЭ IэщэкIэ адыгэхэр лъэпкъ куэдым япэ ищащ. И дахагъэрэ и тыншыгъэкIэ адыгэ цIыхухъу фащэр Азиеми Европэми щыслъэгъуа псом йофIэкI.**

*Хъан-Джэрий СулътIан.*

# Генералиссимус Яков Куденетович Черкасский и его зодчий

●Это интересно

**Совсем близко от Никольского-Урюпино, что в 20 км к северо-западу от Москвы, располагалось имение Архангельское, ставшее впоследствии знаменитым благодаря своим исключительным памятникам истории и культуры. Первое упоминание о нем относится к 1584 году, году кончины царя Ивана Грозного. Подобно Никольскому, село Архангельское являлось владением княжеским (титулы боярин и князь были синонимами). Достаточно вспомнить о хозяев: Киреевские, Шереметевы, Одоевские, Черкасские, Голицыны, Юсуповы. Все эти фамилии примечательны в российской истории. Обращусь к князьям Черкасским, пришедшим в Москву из Кабарды и крещеным на Москве.**


Генералиссимус Яков Куденетович Черкасский

ПОЧТИ со всеми перечисленными фамилиями кабардинские выкресты князья Черкасские находились в родстве. Так боярин Федор Иванович Шереметев был женат на княжне Ирине Борисовне Черкасской. В 1681 году князь Я. Н. Одоевский отдает Архангельское в качестве приданого за дочерью княжной Марфой Яковлевной и оно переходит к князю Михаилу Яковлевичу Черкасскому. С 1703 года Архангельское стало собственностью князя Д. М. Голицына, женатого на Одоевской, которому село досталось по родству жены его с Черкасской.

«Первой ласточкой», несомненно, стала великая княгиня и царица Кученей (Гуащэнэ) Темрюковна Черкасская. В крещении она получила имя Мария. Это была вторая жена царя Иоанна IV Васильевича, получившего в народе прозвание Грозный. Если говорить о фамилии государя, то он, конечно же, Рюрикович, потомок варяга, призванного славянами княжить в Новгороде. Писательница-историк А. О. Ишимова рассказывает в своей книге: *«Варяги-русь (так именовался северный народ, потомки норманнов) были очень рады такой чести, и три брата из князей их, Рюрик, Синеус и Трувор, тотчас поехали к славянам.*

*Рюрик сделался государем в одном из первых городов, основанных славянами, в Новгороде, Трувор - в Изборске, Синеус - в земле, лежащей около Белого озера. От сих-то трех варяго-русских князей славяне начали называться русскими, а земля их - Русью, впоследствии Россией). Синеус и Трувор скоро умерли, а Рюрик сделался одним великим князем русским и основателем Русского государства. Он княжил счастливо два года с братьями и пятнадцать лет один».*

Впрочем, есть и другое мнение, впервые высказанное русским генералом графом Ал. Игнатьевым: Рюрик приехал один, без всяких братьев. Ведь по-шведски сине-хус означает *свой дом*, а трувор - *верная дружина*. То есть Рюрик приехал не с братьями, а со своим домом и с верной дружиной. Если царь Иван Васильевич Рюрикович, то царица Мария Темрюковна - Рюриковна. Не ее ли подразумевал поэт Александр Блок в своих стихах:

*Вдруг среди приемной*
*советской,*
*Где все могут быть*
*сожжены,*
*Смех и брови и говор*
*светский*
*Этой древней Рюриковны.*

СДЕЛАВШИСЬ, как ныне принято говорить, первой леди государства, Мария Темрюковна не замедлила переселить своих родственников из Кабарды в Москву. На Руси всякого выходца с Кавказа именовали черкасом. Отсюда русская фамилия для знатных кабардинцев - Черкасские. Ввиду родства с царским двором Черкасские тогда же получают титул российских князей. Княжеская фамилия Черкасских, выходцев из Кабарды, дала России многих славных государственных мужей - полководцев, дипломатов, губернаторов, ученых. За верную царю и Отечеству службу им жаловались земли, в обеих столицах они строили себе дома. В память об этом в Москве по сей день существуют Большой и Малый Черкасский переулки. Окрест Москвы этим князьям принадлежало бессчетное число усадеб. Во владении одного только князя Якова Куденетовича Черкасского находились и Красная Пахра, и Спас-Каменка, и Никольское на речке Химке, и многие другие села, деревни и усадьбы. Сын его князь Михаил Яковлевич - хозяин всем известных поместий Останкино и Архангельское.

**Князь Яков Куденетович удостоился как воевода высшего воинского чина генералиссимус**. Историк В. Н. Татищев напишет о нем в своем «Лексиконе»: *«Яко дворовой воевода, власно как генералиссимус, и сей чин редкому давался, при царе Алексее Михайловиче был князь Яков Куденетович Черкасской...».*

Непременным украшением усадьбы был храм. В искусстве возводить каменные церкви российские зодчие преуспели. Чрезвычайно талантливым архитектором считался Павел Сидорович Потехин, крепостной мастер князя Одоевского. Его-то и приобрел в крепостную собственность генералиссимус князь Я. К. Черкасский, затем мастер перешел к Одоевским, потом - к Черкасскому-сыну. Первым храмом, прославившим имя Павла Потехина, явился Никольский храм, построенный в стиле московского барокко для Одоевских в Никольском-Урюпине в 1665 году.

Этот замечательный каменный цветок удивительной красоты до сей поры отражается в большом зеркале пруда на речке Липке. Восхищенные Одоевские требуют от мастера повторения чуда в камне уже теперь в Архангельском. И вскоре, в 1667 году в Архангельском, на высоком берегу Москвы-реки раскрывается новый каменный цветок - храм Михаила Архангела.

Строительство началось еще при Одоевских. Таким образом, зодчий П. С. Потехин строил почти одновременно две церкви: в Никольском-Урюпине и в Архангельском. Последнее с 1681 по 1703 год стало принадлежать князю М. Я.Черкасскому. Князь щедро украшал церковь дарами в честь своего небесного покровителя Архангела Михаила. Теперь она венчает собою холм над рекой на месте обветшавшей деревянной церкви XVI века.

Ближе всех других подмосковных располагалось к столице Останкино. Ныне это место вкупе с огромной Останкинской башней, церковью и дворцом находится в черте города. Поместье это обычно связывают с графами Шереметевыми, представители нескольких поколений которых были здешними владельцами. Но в XVII веке все здесь принадлежало князьям Черкасским: Останкино перешло к ним в 1617 году. Тогда кабардинские князья построили тут боярский двор, деревянную церковь и тридцать дворов для своих крепостных. Лесистое в те далекие времена Останкино являлось местом охоты, что обусловливало содержание здесь «псаренного» и соколиного дворов. И вот в Останкине в 1678-1683 годах по заказу вотчинника князя М. Я. Черкасского воздвигли пятиглавый каменный храм во имя Живоначальной Троицы, ныне существующий во всем великолепии.

Кандидат архитектуры В. Л. Снегирев убедительно доказывает, что этот храм - творение бывшего в то время на службе у Черкасских крепостного архитектора П. С. Потехина. Его Останкинская церковь - одна из высотных доминант по дороге из Москвы в Троице-Сергееву лавру и один из лучших памятников московского зодчества конца XVII века, когда внимание зодчих было обращено на внешнюю декорацию здания, на обилие, сложность и пышность его украшений. Вместе с роскошным дворцом, парком и прудами Троицкий храм создал для Останкина славу в поколениях москвичей.

Адрес поместья записывался прежде так: Московский уезд, 2-й стан при с. Останкино Ростокинской волости и Марьиной роще. Кстати, известная московским жителям Марьина роща названа так по имени дочери генералиссимуса князя Я. К. Черкасского княжны Марьи Яковлевны Черкасской, проживавшей здесь.

А в 12 км от станции Бронницы сохранился ещё один замечательный по художественному великолепию Казанский храм в усадьбе Марково. Автор этой церкви - все тот же легендарный каменных дел мастер Павел Сидорович Потехин, незаурядный талант которого обнаружил князь Яков Куденетович Черкасский.

**Георгий БЛЮМИН,**
*профессор кафедры культурологии.*
*г. Москва*
*Журнал «Архивы и общество». 2009 г., №10.*

●Сказано об адыгах

# ГЕРОИЧЕСКОЕ ПОВЕСТВОВАНИЕ О СВОБОДЕ

Черкесы (адыги) - один из наиболее древних народов мира. Их история столь продолжительна, что, за исключением Китая, Египта и Персии, история любой другой страны не более чем рассказ о вчерашнем дне. У черкесов поразительная особенность: они никогда не жили в подчинении внешнему господству. Адыги терпели поражение, их вытесняли в горы, подавляли превосходящей силой. Но они никогда не подчинялись никому, кроме собственных законов. И сейчас черкесы живут под властью своих вождей, по собственным обычаям.

Черкесы интересны еще и тем, что представляют собой единственный народ на поверхности земного шара, который столь далеко в прошлое может проследить независимую национальную историю. Они немногочисленны, но их регион столь важен, а их характер столь поразителен, что черкесы хорошо известны древним цивилизациям. Упоминания о них встречаются у Геродота, Верия Флакка, Помпония Мелы, Страбона, Плутарха и других великих писателей. Их предания, легенды, эпос представляют собой героическое повествование о свободе, которую они сохраняют по меньшей мере в течение последних 2300 лет перед лицом самых могущественных в человеческой памяти правителей.

«Иллюстрированный журнал Глисона».
*Лондон, 1854 г., январь, с.304.*

●Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр


Адыгэ шууейхэр йобгъэрыкIуэ.
*Сурэтыр XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм ящIащ.*

# Сыт Хасэр зыгъэхасэр?

**1991 гъэм накъыгъэм и 19-м Налшык къыщызэIуахат адыгэ псом я гупсысэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ, къапэщылъ къалэнхэр зэзыгъэуIун хуей Хасэр зыхуэдэнур зыубзыхун зэIущIэ. Лъэпкъхэм я щхьэ къаIэту, я Iуэху утыку кърахьэу щыхъуа зэманыр адыгэхэми къамыгъэсэбэпынкIэ Iэмал иIакъым, идеологием къузауэ, щIэуфауэ иIыгъа гукъеуэр инти.**

АДЫГЭМ я Дунейпсо Хасэ къызэрагъэпэщыну яужь зэрихьам бгъэщIагъуэ хъуну зы закъуэщ хэлъыр: а гупсысэр къызыпкърыкIар хэкум исхэм ящыщкъым, атIэ Голландием щыпсэу Хьэткъуэ Фэтхьищ. 1990 гъэм абы Амстердам иригъэблэгъат къэрал зыбжанэм икIауэ цIыху 63-рэ. А адыгэ зэхуэс цIыкIуращ унафэ къэзыщтар дуней псом щикъухьа лъэпкъым зы Хасэ хуэухуэн зэрыхуейм теухуауэ. Абы пIалъэу хуагъэлъэгъуари 1991 гъэм и накъыгъэ мазэрт.

«Хэку» обществэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI Ефэнды Джылахъстэн къызэIуихат а зэIущIэр. Ди республикэхэм, Тыркум, Сирием, Иорданием, США-м, Германием, Израилым, Югославием лIыкIуэ къащIахэм нэмыщIауэ, абы кърагъэблэгъат къэрал къулыкъушхуэхэр зыIыгъхэр, тхакIуэ, щэнхабзэм и лэжьакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр.

Псалъэ дахэ куэд щыжаIат абы, лъэпкъым и къэкIуэнум, ДАХ-м теухуауэ. Ехьэжьауэ, жьакIуэу псалъэу еса, ауэ Iуэху пыухыкIам къыхузэщIэIэтэгъуей парт лэжьакIуэхэмрэ жаIам теухуауэ унафэ къащтэу, ар и чэзум ягъэзэщIэжу еса ди хьэщIэхэмрэ абы щыгъуэм фIыуэ зэрыцIыхутэкъым. Хэгъэрейхэм дежкIэ нэхъыщхьэр бысымыфIу къыщIэкIынырт, хьэщIэхэм, Урысей демократием игъэгушхуауэ, унафэ къащтэ къудеймэ, лъэпкъ Iуэхур псынщIэу зэфIэха хъуну къащыхъурт. КIэщIу жыпIэмэ, зэрыцIыхун, Iуэху зэдащIэф хъун хуейуэ къапэщылът.

Ипэ зибгъэщу жыпIэмэ, лъэпкъ Iуэху зепхуэным гугъуехьу пыщIа псори мыбы хэтхэм ягъэунэхуащ, ауэ адыгэм я къэкIуэнум тележьэ Хасэ зэрыщыIэн хуейм сыт хуэдэ псалъэмакъри мыарэзыныгъэри IэщIыб ярыгъэщIу къызэдакIуащ илъэс 18 гъуэгуанэр.

Дунейпсо Хасэр къыщызэрагъэпэщым, Хэкум къихьэф зэрыхъуам игъэгушхуа хэхэсхэмрэ абыхэм гукIипсэкIи хуэпабгъэ хэкурысхэмрэ иджыри ящIэртэкъым гъэунэхуныгъэ, гузэвэгъуэ куэд Кавказ Ищхъэрэм къызэрыпэплъэр. Шэшэн РеспубликэмщекIуэкIа зауэр, Абхъазыр зыпхрыкIа мафIэр дигу къэдмыгъэкIыжу хъуркъым, ди цIыхущхьэ зэрихьам къищынэмыщIауэ, ноби ди лъэпкъ Iуэхум зэран къыхуохъури. Зы щапхъэ закъуэ. Шэшэным щекIуэкIа зауэр я щхьэусыгъуэу, визэ зимыIэ ди къэралым къамыгъакIуэ зэрыхъуам ди лъэпкъэгъухэр хуабжьу гугъу ирегъэхь. УФ-м и унафэщIхэм жаIат, Шэшэн Республикэр мамыр хъужмэ, кIуэн-къэкIуэжыным пыщIа Iуэхухэри ягъэщэбэну. АрщхьэкIэ...

Зэманым езым и IуэхущIафэхэри къегъэщIыж. «Дунейпсо Адыгэ Хасэ» диIэ зэрыхъуам и мыхьэнэ нэхъыщхьэр сыт хуэдэ?» - жаIэу къызэупщIмэ, си жэуапыр хьэзырщ: лъэпкъыр зэригъэгушхуарщ, «адыгэ проблемэ» зэрыщыIэр дуней псом хэIущIыIу зэри-

● Iуэху еплъыкIэ



щищIарщ.

Унагъуэкlэ хуэмыхум жылэ IуэхукIэ ущыгугъкIэ мыхьэнэ зэримыIэм хуэдабзэу, зи лъэпкъкIэ гущIыIэр къэралми щхьэпэфынукъым. Адыгэм и Iуэхур утыку къыщIрахьар тхыдэм и гуауэр гъэзэкIуэжа хъун къудей щхьэкIэкъым, атIэ Урысейм ар игъэзэкIуэжыну Iэмал иритын папщIэщ. Дэ ди лъэпкъ Iуэхур Урысей Федерацэм къраудэкIыну дыхуейкъым. Илъэс куэд дэкIами, тобэ къызэрихьыжыфыр, лъэпкъхэм хуэфащэ гулъытэ ди къэралым зэрыщагъуэтыр нэгъуэщIхэм яригъэлъагъуну дыхуейщ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэзыгъэпэщахэм лъэпкъыр ягъэгушхуащ щыжысIэкIэ, сигу къокIыж Налшык 1991 гъэм накъыгъэм и 21-м щрагъэкIуэкIа Щыгъуэ пэкIур. Адыгэхэр куэд щымыхъу Черкесск къалэр абы щызэхэта ЕтIуанэ Конгрессым къекIуэлIахэм ягъэнэхуам хуэдэу зэрыщытар, Краснодар къалэр ДАХ-м и IV Зэхуэсышхуэм (1998 гъэм) гуапэу къызэрыпежьар. Мы зэIущIэр сыткIи тэмэму къызэгъэпэща хъуным а крайм и унафэщIхэр апхуэдизкIэ елIэлIати, умыгъэщIэгъуэн плъэкIынутэкъым. ЩIыналъэм и унафэщIу а зэманым щыта Кондратенкэ Николай «фи адэжьхэм я щIыналъэм фыкъыщедгъэблэгъэну ди гуапэщ, адыгэм я щхьэм кърикIуар гъэзэкIуэжыным теухуауэ Урысей Федерацэм унафэ къыщащтэн хуейщ», зэрыжиIар куэдым ущызыгъэгугът. IэнатIэ лъагэ зыIыгъ къулыкъущIэм и псэлъэкIэ фэрыщIтэкъым ар, атIэ къэралым и Iуэхухэм пэжыр я лъабжьэу щымытмэ, зэрызумыужьыфынур хьэкъыу зыпхыкIа цIыхут.

Нэхъ сигу къинэжахэм ящыщщ I Конгрессым Югославием къикIауэ щыIахэм жаIар. Зыщыпсэу къэралым и Iуэхур зэрызэIыхьэр, лъэпкъ зэрыукI къэхъункIэ зэрышынагъуэр къагурыIуауэ, ахэр лъаIуэрт Косовэ щыпсэу адыгэхэр Хэкум къагъэIэпхъуэжыну. Урысейм и МИД-м, Адыгэ Республикэм и Президент Джэрым Аслъэн, ДАХ-м я фIыщIэкIэ ар зэфIэкIри, Мейкъуапэ и гъунэгъуу къэтIысыжащ Косовэ къиIэпхъукIыжа ди лъэпкъэгъухэм я Махуэхьэблэ къуажэр.

ДАХ-м и къалэн нэхъыщхьэр дигу къэдгъэкIыжмэ, ХэкумкIэ къеIэхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуныращ, Урысей пащтыхьыгъуэм зэрихьа лейр иджырей демократхэм ягъэзэкIуэжыным къыхуэгъэушынырщ. Мис абы и лъэныкъуэкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къалэн игъэзащIэу жыIэгъуейщ. Пэжщ, Iуэхур хьэлъэщ. Урысей бюрократиер гъэхъеигъуейщ. Адыгэхэр дэнэ къэна, СССР-м хиубыдэу щыта къэралхэм игуэша урысхэм къагъэзэжынымкIэ бэлыхьу ятелъым теухуауэ газетхэм ятхымрэ телевиденэмкIэ къагъэлъагъуэмрэ хьэдэгъуэдахэщ. ИтIани, Урысейм цIыхур къызэремэщIэкIыр, демографие Iуэхугъуэр нэхъ къыкIэщIикъузахэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр къэплъытэмэ, дэ тхуэдэ лъэпкъхэм бюрократиер ягъэжеин хуейкъым. Пэжщ, ДАХ-м и зы зэхуэси екIуэкIакъым УФ-м и Президентым, Правительствэм, Парламентым Зэрызыхуагъазэ къамыщтэу. Илъэс 18-кIэ абы къыщимыкIаIакIэ, ди лIыкIуэхэр Парламентым, МИД-м кIуэну, я гукъеуэр абдеж щаIуэтэну и чэзу мыхъуауэ пIэрэ? Венесуэлэм, Бразилием, Израилым, нэгъуэщIхэми Урысейр ягурыIуащ визэншэу цIыхухэр зэкIэлъыкIуэным теухуауэ. Тыркум и гугъу тщIынкъым, ауэ СССР-м и ныбжьэгъушхуэу щыта, нобэми щыт Иорданиемрэ Сириемрэ апхуэдэ дзыхь щIахуэмыфащэр гурыIуэгъуэкъым.

НэгъуэщI зыми гу лъытапхъэт.

ДАХ-м къыфIэмыIуэхуу макIуэ Фонд къызэригъэпэщыныр. Зэхуэс къэс абы тепсэлъыхьащ: хэти жиIэрт Урысейм щыпсэухэм зы Фонд, хамэ къэралхэм щыпсэухэм езыхэм ей яIэн хуейуэ, Фондым ахъшэ къыхэзылъхьэнум я Iуэхур абы нэхъ тынш ищIыну. Ауэ иджыри къыздэсым зыуи гуэшауи Фонд къызэригъэпэщыфакъым Дунейпсо Хасэм. Сыт хуэдэ Iуэху пхуэщIэнур ахъшэ уимыIэу?

ДАХ-м и унафэщIхэр егупсысыпхъэщ икIэм-икIэжым Фондыр къызэрагъэпэщыным. Ар хэхэсхэр къезышэлIэжхэм, лъэпкъ Iуэху пыухыкIа зылэжьхэм къагъэсэбэп зы хэкIыпIэщ. ГурыIуэгъуэкъым ДАХ-м абы унафэ щIытримыщIыхьыфыр.

ЦIыхум елъытауэ къапщтэмэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэр балигъ ныбжьым иувауэ аращи, и къалэнхэм къаруущIэкIэ бгъэдыхьэну пIэрэ жыпIэу уегъэгугъэ. Нэрылъагъущ абы и Зэхуэсышхуэм гупсысэщIэхэр щыIун, иджырей дунейм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм дэбэкъуэфу, и макъ игъэIуфу щытын зэрыхуейр. Лъэпкъыр зыщыгугъыр унафэ къыщащтэу ар зэрагъэзащIэм щыкIэлъыплъыж Хасэщ. Дэ зитлъэфыхьыну зэман диIэжкъым - щIэгъэхуэбжьауэ йокIуэкI нэгъуэщI лъэпкъхэм ди щIалэгъуалэр яхэшыпсыхьыныр.

**ШИРДИЙ Маринэ**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ.*

● ДифI догъэлъапIэ

## Ажахъуэ Къанщобий и Iулыдж лъагэр

**1990 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуаха «Бум-Банк» коммерческэ банкым и унафэщIщ юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым хабзэ къэхутэныгъэхэмкIэ и лабораторэм и Iэтащхьэ, ЩIДАА-м и академик Ажахъуэ Къанщобий Музэрин и къуэр.**



КъБР-м и финанс IэнатIэхэм я деж пашэныгъэ щызыIыгъ IуэхущIапIэщ Къанщобий и нэIэ щIэтыр. Абы щыхьэт тохъуэ 2006 гъэм банкхэм я бизнес зэпеуэм «ЩIыналъэ банк нэхъыфI» унэтIыныгъэмкIэ «Бум-Банкыр» лауреат зэрыхъуар. Ар зи фIыщIэр, шэч хэмылъу, Ажахъуэрщ.

Къанщобий 1952 гъэм мазаем и 25-м Кушмэзыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. И адэр ухуакIуэ гупым и тхьэмадэт. Езым игъэлъагъуэ щапхъэрщ и бынхэр зыщIипIыкIар. Адыгэ хабзэм, нэмысым, цIыхугъэм увыпIэ щхьэхуэ щаIыгът Ажахъуэхэ я унагъуэм.

Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Къанщобий Хетагуров Коста и цIэр зезыхьэ Осетие Ищхъэрэ къэрал университетым и юридическэ факультетым щIэтIысхьащ. Ещанэ курсым и ужькIэ, и щIэныгъэм щыпищащ Ленинград дэт къэрал университетым. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къызэриухыу, 1975 гъэм абы лэжьэн щыщIидзащ Налшык къалэ прокуратурэм, иужькIэ Аруан районым щыIащ. Куэд дэмыкIыу, дзэм къулыкъу щищIэну ираджащ.

Илъэсрэ ныкъуэрэ дэкIыу къигъэзэжа иужь, Аруан районым и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу мэхъу. Хьэл зэпIэзэрыт зиIэ, ткIийуэ зи IэнатIэм пэрыт щIалэм гу къылъамытэу къэнакъым. Япэ щIыкIэ Налшык и Ленинскэ районым и прокуратурэм следователу ягъэкIуащ, иужькIэ КъБР-м и прокуратурэм следствие щрагъэкIуэкI и къудамэм и прокурору щыIащ, итIанэ Тэрч районым и прокурор къулыкъур и пщэ къыдалъхьащ. 1990 - 1993 гъэхэм КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIым и дэIэпыкъуэгъуу, цIыхубэ депутату щытащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Ажахъуэм иджыпсту иригъэкIуэкI лэжьыгъэр банк Iуэхум и закъуэу зэрыщымытыр. Абы Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щрегъаджэ, бизнесым хэтщ, «Налшык» бизнес-клубым и унафэщIщ, Къэбэрдей, Дунейпсо Адыгэ Хасэхэм Iуэхухэр щызэфIех. Сыт щыгъуи кърихьэжьэ псапащIэ лэжьыгъэхэм къапэкIуэу «Урысейм и меценат» цIэ лъапIэр къыфIащащ. Ажахъуэр зи унафэщI банкырщ «Архивымрэ жылагъуэмрэ» журналыр зи мылъкукIэ къыдэзыгъэкIыр, абы и редколлегиеми езыри хэтщ. ХьэрычэтыщIэ Iуэху инмицIыкIуми зезыпщытхэм я деж Ажахъуэ Къанщобий Iулыджышхуэ щиIэщ. Ар бизнесыр зэтеубла зэрыхъунымкIэ чэнджэщэгъу нэс пхуэхъунущ, юридическэ Iуэху и лъэныкъуэкIэ къыбдэIэпыкъунущ, хуей хъумэ, мылъкукIи зыкъыпщIигъэкъуэнущ, лъэIукIэ зыкъыхуэзыгъэзауэ гулъытэншэ ищIа щыIэкъым, апхуэдизкIэ гу къабзэ, псэ хьэлэл иIэщи. Ар ядоIэпыкъу жылагъуэ Iуэху зезыхьэхэми унагъуэ хуэмыщIахэми.

И IуэхущIафэхэмрэ зи ужь ихьэ къалэнхэмрэ сытым дежи къыдэзыIыгъ унагъуэ дахэ иIэщ Ажахъуэ Къанщобий. И щхьэгъусэ Иринэ Налшык къалэ дэт нотариальнэ конторэм и унафэщIщ. Ипхъу Марие Шэджэм районым и федеральнэ судыщIэщ, илъэс 22-м иту юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ, и къуэ Анзор КъБКъУ-м и юридическэ факультетыр къиухауэ, иджыпсту дзэм къулыкъу щещIэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



**Дамаск Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу илъэс 12-кIэ лэжьа, Сирие Хьэрып Республикэм и Парламентым и Комитетым и УнафэщIу щыта Абазэ (Маршэн) Шэрэф лъэпкъ Iуэхум куэд щIауэ хуолажьэ.**

Редактор нэхъыщхьэхэр: ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд ДЕРБЭ Тимур ТХЬЭГЪЭПСЭУУвжыкъуэ

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщIанэ къат

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33

Газетым Iэ традзащ сыхьэт 22.00-м. Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

№ Н-0065
Индексыр 51531
Тираж 10.300
Заказ №3172